БАЙНИЯЗ ҚАИПНАЗАРОВ

# АЛТЫН ГУЗ

(УШИНШИ ҚОСЫҚЛАР ТОПЛАМЫ)

ҚАРАҚАЛПАҚ МАМЛЕКЕТ БАСПАСЫ
НОКИС—1950

## БАЙНИЯЗ ҚАИПНАЗАРОВ

Қлышын суйреген қыс. Қақаман суық, кушли аяз, дубелей даул, бораған боран, уйтқыған сран.

Жарпақ-жарпақ жауды қар,
Орислерде тонгды мал,
Ысқырып турған аяз бар,
Даусына қулақ сал.

деген қыстынг ози усындай ысқырған аяз, қатты суық еди.

Уллы уатан ушын, данамыз Сталин ушын, бауырман бирликли туысқан халқлардынг бахты ушын, жас ауладлардынг келешек омири ушын немец-фашист басқыншыларына қарсы қызғынлы урыстынг қызған маҳали еди.

Миллионлардынг журегинде ызалы кек қайнады. Ҳасыл жеримизди, бай елимизди, айдын шалқар колимизди, тезлик пенен фашист қарақшыларынан азат қлу ушын сауаш майданында ғажжа-ғаж урыс қызды.

Журегинде душпанға қарсы ызалы кеги қайнаған миллионлаған жаунгерлердинг бреуи рядовой солдат Байнияз Қаипназаров еди. Байнияз 1941-жылдынг урыс басланған уағынан-ақ урысқа атланды.

Халқ ушын кушимиз,
Жанымыз қурбан.
Жан қадирли емес Уатан-анадан.
Сонгғы демимизге шекем гуресип,
Қутқарамыз Уатанымызды жаудан.

деп халққа откир ақыллы созин айту менен бирге Уатаннан жан аямай ҳақ кеул, ҳадал журек пенен душпанға қарсы аяусыз гуресуге, Уатанды озь жанынгнан бетер жақсы коруге шақырды.

Урыстынг аур кунлеринде Сталинград урыс майданындағы Колючкин районын азат ету ушын болған сауашта аур жарадар болып, госпитальда жатып емленип, жарасы жазылып шғады ҳамь тағы урысқа туседи. Бул сапары Байнияз миллионлаған қаҳарманлардынг қатарында журип, коп пенен бирге, халқтынг атайы душпаны болған фашист басқыншыларын Уатанымыздан қуып шғып, жер менен жексен етеди. Берлинге қарай болған сауашлардынг бреуинде тағыда аур жарадар болады. Аур жарадан кеин урысқа жарамайтуғын болған себепли, комиссиянынг жумақлау уйғаруы бойынша 1944-жлы урыстан қайтады.

Жолдас Қаипназаров Байнияз 1916-жлы, Чимбай районынынг ҳазирги 1-Май аулындагы „Райком" колхозында, жарлы диқан семьясында туылған. 1932-жылға шекем ауллық жердеги баслауш мектепте оқып, 1932-жылдынг оқу жлында Чимбайдағы диқан жаслар мектебинде оқиды.

1935-жлы Торткулде Институтқа крин, 1939-жлы питкерип шғады. 1941-жылға шекем озининг туылған аулында муғаллим болады. 1941-жлы уатандарлық урысқа кетеди.

Жолдас Қаипназаров Байнияз Қарақалпақстандағы енг жақсы осип киятырған ҳамь озининг шғармалары менен халққа таныльп киятырған жазушыларымыздынг бри. Байнияздынг таланты совет мектебининг тарбиясы, Ленин — Сталин партиясынынг бирден бир ғамхорлығы астында ости. Сол ушын-да ЛЕНИН—СТАЛИН ҳаққында, Уатан ҳаққында, халқтынг туысқанлық бирлиги ҳаққында, ҳасыл жеримиз, байлығы мол колимиз, қаҳарман халқтан шыққан баҳадыр еримиз ҳаққында, ғошжақ жгит, гоззал қызларымыз ҳаққында, ата, ана, аға, апа, қарындасларымыз ҳаққында тынбай ҳамь суйушилик пенен узликсиз қосықлар, поэмалар жазады.

Байнияз озининг қосықларын 1935 жылдан баслап жаза баслайды. Онынг бринши

қосықлар топламы 1940 жлы басылып шғады-да, екинши қосықлар топламы уллы уатандарлық урыстан кейн 1947-жлы басылып шғады.

Байнияздынг ушинши қосықлар топламы „Алтын гуз“ атлы усы ктап болады. Бул ктапқа Байнияздынг сонгғы жыллардағы жазған қосықлары менен «Палуанбек» атлы поэмасы жберилди.

Байнияз озининг адеби хызметин туысқан уллы рус адебиятынынг классиклери менен байытты. Ол Пушкин, Лермонтов, Некрасов, Адам Мицкеевич, Науайы, Маяковскийдинг шғармаларын қарақалпақ тлине аударды.

Байнияз алдағы уақытларда да халқымыздынг қаҳарманлық гуреслеринен, бахытлы турмысларынан, коммунизм ушын болған узликсиз гурестинг тарихынан қосықлар, поэмалар доретеди. Ленин — Сталин партиясынынг ғамхорлығын, ана уатаннынг, туысқан халқтынг исенимин сөзсиз ақлайды.

ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ.

# БИЗ ЖЫРЛАЙМЫЗ

Биз жырлаймыз, Уатандағы—
Уатандағы женгисти,
Сталиннинг бағындағы—
Бағындағы жемисти.

Биз жырлаймыз, шадлы елдинг—
Шадлы елдинг бирлигин.
Сталиндей дана ердинг—
Дана ердинг ерлигин.

Уллы ана—Уатанды биз,—
Уатанды биз қорғаймыз.
Сталинлик заманды биз—
Заманды биз жырлаймыз.

Кел шаирлар, белди бу-да—
Белди бу-да таяр тур.
Қалемингди найза қыл-да—
Найза қыл-да жауды ур.

Уллы ана—Уатанды биз—
Уатанды биз қорғаймыз.
Сталинлик заманды биз—
Заманды биз жырлаймыз.

# МАНГГИ ЖАСА СТАЛИН

Халқ бахты ушын туылган,
Жетни ақыл, билимнинг,
Гуресте бели буылған
Қорғаны уллы елимнинг,
Жаҳанға жақты кун болған,
Саулаты жанга омирдинг,
Женгиске баслап отырған,
Орнында турып Лениннинг.
Адамзат бахтын қорғаған,
Халқыма пана Сталин!
Дослардынг ғамын ойлаған,
Ақылы дана Сталин!

Лениннинг ози когерткен,
Бағымды корсенг тур жайнап,
Куш алған ҳасыл жеримнен,
Шақасы шамен—гул байлап,
Елимди орап гул менен
Жайқалып оскен жаудырап,
Су ишкен манглай теримнен,
Жетилген тегис миуалап,
Жайнаған баглы жемистинг,
Бағманы озинг Сталин!
Биздеги барлық женгистинг,
Сарьдары озинг Сталин!

Елимде еркин журемен,
Туысқан, тату адамы.
Арьмансыз омир суремен,
Гулленген совет заманы.

Оғада жақсы коремен,
Адули Уатан-ананы,
Қадрин онынг блемен,
Осирди Сиздей дананы.
Жанымдай корип суйемен,
Журегим, жрым Сталин!
Бахытлы кунге иемен,
Косемим, куним Сталин!

Лениннинг досты, озисенг,
Халқтынг ата-анасы.
Жалынлы откир созисенг,
Уатаннынг қорған панасы.
Лениннинг қарар козисенг
Адамнынг асқан данасы,
Хаммени бирдей коресенг,
Суйеди адам баласы,
Халқпенен бирге мен сени,
Ленин деп суйдим Сталин!
Бугиннинг три Ленини,—
Манггиге жаса Сталин!

*1949 жыл.*

## МЕНИНГ РЕСПУБЛИКАМ

ҚКАССР-нынг XXV жасқа толған кунине

Уллы Октябрь—
Алтын тангында,
Қайта туылған—
Уатан-анадан.

Ленин орнатқан—
Бахыт бағында,
Оскен елимсенг—
Азат, абадан.

Уллы рус халқы—
Аға-қадирдан,
Дослық жардемин—
Берди иним деп.
Еркин елимде—
Ҳамме туысқан,
Бир уй ишинде—
Остик кулимлеп.

Бизге партия—
Дана Сталин,
Етти басшылық—
Ғамхор мудамы.
Коммунизмди—
Дузипатырған,
Бизлер советтинг—
Жанга адамы.

Жан республикам—
Менинг уатаным,
Сенде жасадым—
Жгирма бес жас.

Сеннен куш алдым—
Тасты қуатым,
Болдым майданда—
Улларынга бас.

Сени жанымдай—
Суйген улынгман,
Ата журтымсанг—
Кымбат озиме.
Елим нурыстан,
Жерим гулистан,
Ҳасыл топрағынг—
Сурме козиме.

Мени осирген—
Алтын бесигим,
Гоззал маканым—
Нуры козимнинг.
Женгис жолында—
Орле, бас алға,
Мақтанышым сен—
Дангқым озимнинг.

*1949 жыл.*

## ТУЫСҚАНЛЫҚ

Жер жаҳанға—
Тускен дангқы,
Беккем қолда—
Қзыл байрақ.
Улкен аға—
Рус халқы,
Ини озбек—
Қарақалпақ.

Бир атанынг—
Ауладымыз,

Туысқанбыз—
Арымыз бир.
Бир дарақтынг—
Шақасымыз,
Тубимиз бир—
Жанымыз бир.

Бир-бреуге—
Суйеу болып,
Қонгсы қондық—
Бастық ирге.
Коммунизмди—
Дузу ушын—
Қадем қойдық—
Журдик бирге.

Сарьдарымыз—
Дана косем,
Биз жаунгер—
Армиямыз.
Халқты баслап—
Баратырған—
Сталиншил
Партиямыз.

Ада болмас—
Байлығынг коп,
Халқынг абад—
Жеринг коркем.
Елдинг сани,
Минет гули,
Ақ алтыннынг—
Кани улкем.

Қайда журсем—
Козиме сен,
Коринесенг—
Ту алыстан.
Қадирлисенг—
Озиме сен—
Азат елим—
Кенг гулистан.

Эй куяшлы—
Озбекстан,
Қутлымубарек—
Болсын тойынг.
Гуреслерде
Дангқ котердинг,
Уллы жолда—
Оссин бойынг.

Қулашынгды—
Кенгнен серме,
Гуллене бер—
Бағы бостан.
Куннен-кунге,
Алға орле,
Мангги жаса—
Озбекстан!

*1949 жыл.*

## МОСКВАДАН

Ашылды халқлар бахты,
Арқамыздан қуяш қақты,
Жузимизге тусти жақты,
Нур саулели Москвадан.

Москва елдинг журеги,
Сталин халқтынг треги,
Баҳадыр кушли блеги,
Халққа қуат Москвадан.

Гуллер егилди жериме,
Нурлар себилди елиме,
Қуатлы беккем белиме,
Ғайрат енди Москвадан.

Москвада бахыт куни,
Жарқырап тур куни-туни,
Ҳурь Уатан бағ—бизлер гули,
Нур шашылды Москвадан.

Сынбайтуғын сақтымызға,
Ошпейтуғын жақтымызға,
Куни-туни бахтымызға,
Кун шғып тур Москвадан.

*1948 жыл.*

## ЖАҚСЫ

Жер киинсе кок дарайы,
Козлерге ысық шрайы,
Жағымлы ҳауа райы,
Баҳарден коркем жаз жақсы.

Яр срын журекке туйген,
Ози қалеп кеул берген,
Шын ашыққа сулу суйген,
Жан алар жылуа наз жақсы.

Тасир етсе ой-санаға,
Шертилсе турли намаға,
Кеулинг кетип тынгламаға,
Гаҳы саубет, га саз жақсы.

Ҳарь нарсенинг орны басқа,
Халқын қор етпеген ҳасла,
Ел перзенти болған жасқа,
Ҳарь исте онерпаз жақсы.

Пайдасын тигизген елге,
Халқ ушын туылған ерге,
Шомылса-да қара терге,
Минеттен корген ҳазь жақсы.

*1947-жыл.*

## ТАРИП

Кирпиги оқ, қасы қундыз,
Жаудыр кози мсал жулдыз,
Арулығы айдан артық,
Куннен коркем қара коз қыз.

Жузине қал жарасады,
Кокте жулдыз қарасады,
Кун дидарлы шрайына,
Қарасанг коз қамасады.

Озя сулу болса қандай,
Созь сойлесе тамған палдай,
Кундей коркине ылайық,
Минетти суйеди жандай.

Ерлик дангқы кетти асып,
Спатына куш жарасып,
Сын сымбат, қадди бойына,
Еткен ислери мнасып.

Ылайықлы ер дангқына,
Тусинисип ис парқына,
Жаслық кушин корсетип қыз,
Хызмет ислеп журь халқына.

*1947-жыл.*

## БРИНШИ МАЙ

Сағынышлы куткен куни кеулдинг,
Адули миманы бахытлы елдинг,
Жузинг нурдай жайнап, гуллер қушақлап,
Май байрамы халқтан салем, хош келдинг!

Сени қарсы алып, кушақ ашамыз,
Саулатынгда дарья кби тасамыз,
Халқаралық кушти козден откерип,
Женгислерге қарай алға басамыз.

*1948 жыл.*

## БАСПАСОЗЬ

Большевиклик баспасозим,
Сенсенг менинг корер козим,
Қолға алып оқығанда,
Қоремен гуллан жержузин.

Маркс—Лениннинг илимин,
Оқыдым, ости сезимим,
Кушли қуралым қолдағы,
Марксизм-ленинизм.

Женгистен-женгиске баслап,
Халққа берди сана-сезим,
Гурестинг жолын уйретип,
Алып берди бахыт гилтин.

Қаҳарман, женгимпаз елдинг,
Корсетуши зор женгисин,
Саат сайн осип жетил,
Большевиклик баспасозим.

## МИНЕТ ПАЛУАНЛАРЫНА

Мол зураат —
Ушын гурескен,
Эй женгимпаз —
Минет ерлери.
Сзинг ҳадал —
Минетингизден,
Гул жайнады—
Колхоз жерлери.

Минет гули—
Пахта ашылды,
Оны сизлер—
Тынбай тердингиз.
Бир грамын—
Зая етпестен.
Мамлекетке—
Жинап бердингиз.

Қатар-қатар—
Ақ таулар кордим,
Жарасып тур—
Ол кенг далаға.
Бул тауларды—
Доретген сизлер—
Куш салдынгыз—
Иске ғалаба.

Ғайрат салып—
Ислей берингиз,
Минет шғарады—
Ердинг атын.
Беккемлейди,
Табысларынгыз,
Уатанымыздынг—
Зор куатын.

Қаҳарман халқ—
Колхозшы ерлер,
Тағы тастырынг,—
Табысынгызды.
Иркилмей алға—
Басынгыз сизлер,
Тоқтатпангыз—
Шабысынгызды.

*1949 жыл.*

## ОЙНАНГЫЗ

*(Айтыс)*

Ж г и т л е р:

—Исте сизлерменен жарыс аштық биз,
Кушлерге куш қосып толып тастық биз,
Женгисли ис етип, алға бастық биз,
Сиз-де алга басынг артта қалмангыз.

Қ ы з л а р:

Коп натиже берди манглай теримиз,
Минетпенен гул жайнады жеримиз,
Бизлер-де сизлердей минет еримиз,
Сиз-де ондай созди ойға алмангыз.

Ж г и т л е р:

Адам баласында кушли ар-намыс,
Ар ушын ислесенг уйилер табыс,
Женгис ушын қызсын, ен жайсын жарыс,
Халққа хызмет етинг, ҳарып-талмангыз.

Қ ы з л а р:

—Биз ислеймиз ҳуждапменен халқ ушын,
Куш саламыз қаҳарманлық дангқ ушын,

Копшиликтинг куши керек ол ушын,
Сиз-де исингизге биғам болмангыз.

Ж г и т л е р:

—Биз биғам емеспиз ислеймиз исти,
Манглайдан тер тогип, жумсаймыз кушти,
Айтынг откен жлы ким алға тусти,
Быйл-да кеинлеп қалып қоймангыз.

Қ ы з л а р:

—Биз ислеймиз исти манглай терлетип,

Ж г и т л е р:

—Қыздыр жарыс исин алға орлетип,

Қ ы з л а р:

—Халқ алдында исингизди корсетип,

Ж г и т л е р:

—Женгис сазын шалған тойда ойнангыз.

*1943-жыл.*

## СОВЕТ ЕЛИ

Зейнимизди ашар таза ҳауасы,
Кеулимизди тартар оскен гиясы,
Минет суын ишкен колхоз бағынынг,
Хеш уақ ада болмас ширин миуасы.

Жетилген жемисли,
Колхоздынг жери,
Жайнаған женгисли,
Советтинг ели.

Тауларынан алтын, гумис табылар,
Жерлеринен ҳасыл оним алынар,
Жазда еркин журип шалғын атауда,
Колхоз малы дуркин-дуркин жайылар
Кенг орис, малға жай,
Колхоздынг жери,
Ақ алтын, данге бай,
Советтинг ели.
Завод, фабрик ғаулап ости санаат,
Техникалы елмиз, куши карамат,
Совет армиясы халқларға қорған,
Сарьдары Сталин болсын саламат.
Жетилисип жайнар,
Уатаннынг жери,
Барлық иске таяр,
Советтинг ели.
Халқ женгимпаз, халқ қаҳарман марьдана,
Уллы партиямыз халққа фармана,
Тату дослық, беккем бирлик бузылмас,
Қудретли уатан кушли дуньяда.
Батыр халққа макан,
Уатаннынг жери,
Ошпес дангққа ие,
Советтинг ели.

*1947-жыл.*

## ЖЫР АРНАСЫ

Науайы—ол жыр арнасы
Сағасы таусылмас булақ.
Қымбатлы ширин созлерин,
Тынглаудан жалықпас қулақ.

Ҳауес еттирип созине,
Тынглаушынынг кеулин бурды.
Ой тенгизининг орине,
Уллы талант қулаш урды.

Қиял дарьясында жузди,
Заманында бахтын снап.
Созден сулу маржан дизди,
Қалды мирас халққа унап.

Адебият майданында,
Ойы дарья кби ақты.
Теренг ойлы дана шаир,
Қиялы—қус, қанат қақты.
Ушты балент шынгды гозлеп,
Кокте кунге талуас етти.
Толқынланған океандай,
Кеулинде йош фаруаз етти.

Шаирлық шнгына шғып,
Тилден ҳасыл дурлер шашты.
Қыынлық богетин жғып,
Наупир жырға саға ашты.

Ада болмас ағыслы жыр,
Тынбай аралап ел ишин,
Бзинг кунге келип жетти,
Созь ҳинжиси жойтпай кушин.

Халқ умытпай сақлап келди,
Коркем созь маржанын тақып.
„Фарҳад ҳамь Ширин“ қыссасын,
Мен оқыдым мирим қанып.
Дастанларын кеулим суйип,

Оқығанда йош артады.
Сондай сулу жазылған созь,
Ериксиз озине тартады.
Науайы—ол жыр арнасы,
Сағасы таусылмас булақ.
Қымбатлы, ширин созлерин,
Тынглаудан жалықпас қулақ.

*1948-жыл.*

## АТА-АНАҒА ҲУРМЕТ ЕТУ ҲАҚҚЫНДА

(*Науайыдан*)

Басынгды фда ет, ата қасына,
Жанды садақа ет, ана басына.
Тунинге, кунинге нур себер бирдей,
Бреуин ай деп бил, бреуин кундей.

## ГУЗ ҚОСЫҚЛАРЫ

(*Уйғуннан*)

I

Ҳарь маусимнинг озь хызмети бар,
Ҳарь маусимнинг озь келбети.
Гумис қыстан, коркем баҳарьден,
Қалыспайды гуздинг зинети...

Кок—жуылған, тазартылған шише,
Сулар тынық, алтын жапрақлар.
Ширин қаунлардынг хош ислери,
Атрапқа астен таралар...

Арқадан қублаға жол алар,
Каруан қуслар ояныл саҳар.
Кок баурында тауланып қалар,
Шыр айналып гумис ренгли парь...

Қуяш коктен енгкейип қарар,
Жуда раушан жалынлы кози.
Сары койлек киип коринген,
Мақпал маусим—бул гуздинг ози.

II

Бағқа кирдим, шабдал ҳамь жузим,
Шрелерге толып псипти.
Алтын алмуртлар, қзыл алмалар,
Узилип астына тусипти.

Барлығына коз жбердим,
Барлығы-да тауланар, кулер...
Бағқа крип гуздинг шамалы,
Жапрақларды тартқылап жулар...

Шабдал дейди, кулип гуз уақлары,
Шременен лпилдеп толаман.
Жемеген арьманлы, жеген дарьманлы,
Мынг дартинге дауа боламан.

Жапырағына жайласып алып,
—Суғынг снгер коп назер салма!
Қзыл жузлеримнен бир опкеннинг,
Арьманы жоқ, дер қзыл алма.

Алмурт айтар козлерин сузип:
Мен сиз ушын корингиз сиз ҳамь,

Ҳешкимде жоқ менинг бул шрайым;
Алтынменен барабәр баҳам.

Солқымынан сғалап, дейди,
Жетилисип пискен жузим:
Менинг ҳеш тенгим жоқ, маған қәра,
Брилияндтай тауланар жузим.

Жаныма ур—деймен жетилипсиз,
Қане енди гурринг қурайық...
Озимиз осирген жемислерден жеп,
Ҳазь етип жасап турайық...

Солқым-солқым болып турған, жузимлер,
Брилияндләр садақа сизден!
Қзыл жузлерипен шре емип,
Айналайын шабдалы қыздан...

Сизди тойып жесин колхозшылар,
Ударниклер, рабочийлар жесин!
Озимиз тер токкен ҳадал минеттинг,
Зураати—миуасы—десин...

Бул бағларда азат минеттинг,
Жангғырады сазланған сазы.
Еситилмес енди «тез бол» деген,
Байдынг турпайы ҳауазы...

Бул бағлардан ушар кенг далаға,
Колхозшы қызлардынг қосығы...
Миуа пискен, пахта ашылған—бул,
Маусимлердинг ишиндеги енг ҳасылы...

III

Саҳарь турып далаға бардым,
Дым басқаша гумис далалар.
Танг пайтынынг гул спатлары,
Журеклерге теренг из салар.

Жапырақларда меруерт ренгли,
Горек ашқан гумис пахтасын.
Пахта дейди, кулип тауланып,
Суйген кси мени мақтасын!

Бир талымды жерге тусирмей,
Ударниклер, шеберлер терсин!
Кележакты суйгенлер маған,
Суюшиликпенен озь кеулин берсин.

Саҳарь турып теримши қызлар,
Иске салар барлық кушлерин.
Танг шамалы ойнар тартқылап,
Узын шашларынынг ушларын...

IV

Шише аспанлары, тнық сулары,
Зинетлерименен қайтып келди гуз.
Ҳаммени шақырып жиын-теримге,
Мартликтинг қосығын айтып келди гуз.

Гуз келди бизлерге гумис кеседе,
Шре ала келди, пал ала келди.
Себет-себет етип ширин миуалар,
Телеклер лық толы дань ала келди,
Кенг ойпатлар менен даламенен бир
Пахта ала келди—дангқ ала келди...

V

Ҳарь маусимнинг озь хызмети бар;
Ҳарь маусимнинг озь келбети.
Гумис қыстан, коркем баҳарден,
Қалыспайды гуздинг зинети...

Жлымыздынг енг аур иси,
Торть маусимге тегис болинер:
Қыс таярлар, баҳар егеди,
Гуз жинайды, жаз тарбиялар.

VI

Кеулим хош уйқыдан оянып саҳар,
Шамалдан сорадым: бул қандай маусим?
Шамал жуап берди: бул ҳасыл маусим—
Алтын койлек киип коринген баҳар.

*1935-жыл.*

## ТОРТЬ МАУСИМ

### I БАҲАР

Қушақ-қушақ гуллер алып,
Қулпы донип, келди коклем.
Кенг далаға коз жберип,
Қарап турсам, қандай коркем.

Киинип шыққан қызлардай,
Кок тереклер доланып тур.
Далалар жасыл мақбалдай,
Гуллерменен оранып тур.

Жасарып ой, қыр турленген,
Барқ урып бағлар гуллейди.
Бағларда журсем гулленген,
Кеулимди шадлық кернейди.

Минетимменен қулпырып,
Жерлерим гул-гул жайнады.
Иследим алға умтылып,
Ис пати қызды қайнады.

Атызда иске берилди,
Колхоздынг қзы-жгити.
Жерлерге ерте егилди,
Пахтанынг ҳасыл шгити.

Қолыма алып кетпенди,
Жумысқа шықтым танг саҳар.
Жолыма тосеп гуллерди,
Турыпты кутип нау баҳар.

*1950-жыл.*

## II ЖАЗ

Баҳар орнын алмастырды жазбенен,
Жаслық кунлеримдей жайнап келди жаз.
Коллерди толтырып, уйрек ғазбенен,
Гуллерге боледи шадлы елди жаз.

Жайна жаз, жайнасын қушағынгда ел,
Халқ мақтасын, раҳатли жазым деп.
Бахыт бағларынан жемис алып кел,
Халқ ҳазь етсин, минет миуасынан жеп.

Жайна жаз, жайна сен, салқын тунлеринг,
Осирсин пахтаны, осирсин данди.
Жер баурын идирип, ыссы кунлеринг,
Жайнаған омирге киргизсин санди.

Жайна жаз, жайнасын жазғы гуллердей,
Бахыт вурын емген колхоз жерлери.
Жайна жаз, жаздагы ыссы кунлердей,
Ис патин қыздырсын минет ерлери.

Жайна жаз, дарьянынг сулары тасып,
Пахталардынг тамырына қан берсин.
Пахта писсин, аппақ гореклер ашып,
Қудретли елге куш-қуат берсин.

*1950-жыл.*

## III ГУЗ

Тнып ақты жапта сулар,
Кун райы салқын тартып.
Бағда жасыл жапрақлар—
Сарғайды. Гуз келди қайтып.

Ғаз, тырналар ушып отти,
Каруандай дзилип қатар.
Сеслери жангғыртып кокти,
Озлеринше қосық айтар.

Устимизден жылда отер,
Сести таныс озимизге.
Кокте кордик, узап кетер,
Қыста туспес козимизге.

Араладық бағ арасын,
Жапрақ қурап тусипти.
Қдырдық колхоз даласын,
Егинлер тегис писипти.

Сары атлас койлек киип,
Коринди бағ, гузги уақта.
Аппақ шақаларын иип,
Ашылып турыпты пахта.

Гуз дейди: мне алынгыз,
Қушағым толы зурааг.
Жинауға ғайрат салынгыз,
Минеттен коринг рақат.

*1950-жыл.*

## IV ҚЫС

Жағымсыз шамал, суп-суық—
Қлышын суйреп қыс келди.
Бетлерин жалап ызғырық,
Уйретер қысқа, қыс елди.

Музғала, буршақ, қар жауп,
Уйтқиды тынбай ургини.
Омбылап қарда, жол тауп,
Келемен қысқы бир куни.

Ақ қуйын келип қосқандай,
Жерменен коктинг арасын.
Миуасы томен басқандай.
Қар иидн бағдынг шақасын.

Шақада устин қар басып,
Турыпты қустынг уясы.
Қар тынды. Шықты нур шашып,
Тусип тур, куннинг қуяшы.

Гумистей болып жалтырап,
Қуяшта ерир ақшақар.
Гуллердей жайнап жарқырап,
Коринер коркем, нау баҳар.

*1950-жыл.*

## АТЫЗДА

Қолларында полат кетпен,
Кушлер қосып хызмет еткен,
Женгистен—женгиске жеткен,
Қыз—жгитлер журь атызда.

Бахты ашық, айдын, жолы,
Кокте кунге жетер қолы,
Телеклери данге толы,
Колхозшылар журь атызда.

Табыслары таудай тасқан,
Фаруаз етип, алға басқан,
Женгислерге жоллар ашқан,
Қаҳарманлар журь атызда.

Минет гули-ҳасыл пахта,
Алма, жузим писти бағда,
Айдын шалқар тахта-тахта,
Егин осип тур атызда.

***1947-жыл.***

## СССР

Суп-сулу гулистан елим,
Сүйикли туылған жерим,
Сен ушын тогилген терим,
Рахать берди СССР.

Сен, ғамхорымсанг озимнинг,
Саулели кундей жузимнинг,
Сен нурын аштынг козимнинг,
Раушанымсанг СССР.

Сенде оскен еллер абад,
Сенде мудамы кеулим шад,
Сеннен илҳам, алдым қуат,
Рухым тасты СССР.

Сенсенг бай ел, жоқ кемисинг,
Саялы бағ, коп жемисинг,
Салтанатлы зор женгисинг,
Рухландырды СССР.

*1948-жыл.*

## УАТАН—АНАМ

Сталин нурлы ай-куним,
Саулеси алемге тускен,
Уатаным халқтынг гул бағы,
Бахтыма миуасы пискен.

Ер журекли перзентингиз,
Алпешли аянгда оскен,
Олсем-де мен, мангги сизден,
Айрылмаспан Уатан—анам!

Қушағынгда остим ойнап,
Камалға келдим, ер жеттим,
Сенде еркин бахтым ушын,
Уллы халқыма ис еттим.

Халқым дангқымды котерди,
Бахытлы кунлерге жеттим,
Қауендерлик еттинг озинг,
Қадирданым уатан—анам!

Жаслық кунлерим раушан,
Нур болып жайнады бахтым,
Ығбалым айдай ашылды,
Ҳеш уақыт сынбайды сахтым.

Қайғыны—ғамды билмеймен,
Шад кеул, хош болды уақтым,
Журегиме йош ендирдинг,
Жана-жаным Уатан - анам!

Топрағынгнан онген дақыл,
Халққа қуат берди дарьман.
Раҳатли қушағынгды,
Макан етип, сурдим дауран.

Қатарда нар, жгит болдым,
Керек болсам, берсенг фарман.
Мен советтинг азаматы,
Таяр турман Уатан—анам!.

*1948-жыл.*

# ОМИР ГУЛИ

Омир гули биз бала,
Куннен нурлы заманы,
Жгерли ер азамат,
Советтинг жас адамы.

Биз ержетип боламыз,
Коп илимнинг маманы,
Бизлердей халқ улынынг,
Келисип тур талабы.

Батыр болып қорғаймыз,
Уллы Уатан—Ананы,
Шаир болып жырлаймыз,
Сталин косем дананы!

Еркин оскен жас аулад,
Кенг бахытқа иемиз,
Азат елде кеулли,
Сайран етип журемиз.

Азиз ана қадирдан,
Ҳурь уатанды суйемиз,
Қандай қзық балалық,
Кун нурындай кулемиз.

Келешеги жайнаған,
Биз бахытлы баламыз.
Балалардынг ғамхоры,
Жаса Сталин данамыз!

*1948-жыл.*

# ОТРЯД

Гул когерген—
Жеримизде,
Журмиз гулди аралап,
Нур жайнаған—
Елимизде,
Шағлап журмиз сайранлап.

Биз бахытлы—
Еркин елдинг,
Шад кеулли улымыз;
Жер жузине—
Нур шашады,
Қолда қзыл туымыз.

Бул қзыл ту—
Ленин туы,
Миллионлардынг қолында.
Биз женгемиз—
Алға журемиз,
Дана Ленин жолында.

Барлығымыз—
Туысқан дос,
Тлеги бир отряд,
Шад турмыста—
Шағлап журген,
Бахытлылар кеули шад.

Қзыл, жасыл—
Турли тусли,
Гуллердинг арасында,

Бзинг турақ—
Маканымыз,
Бахыттынг бақшасында.

Октябрьдинг—
Гул бағында,
Бизлер осипатырмыз.
Гулли бағды—
Қорғайтуғын—
Жгерли жас батырмыз.

Биз отряд—
Революция,
Толқынында туылғап.
Сонда бзинг
Белимизге,
Полат белбеу буылған.

Ер журекли,
Нық блекли,
Шын полаттан денемиз.
Уллы исте--
Зор гуресте,
Женгилмеймиз, женгемиз.

Бизде жгер,
Бизлерде куш,
Бизлер гленг жас ғайрат.
Сап дузген коп—
Жас гуресшил,
Биз Ленинщил отряд

## ОҚУШЫ ИНИМЕ

Қандай қзық,
Балалық уақ,
Қуанышлы, кеулли,
Сол бир кунлер,
Еске туссе,
Шадлық кернер кеулимди.
Суттей таза,
Журегимди,
Қуанышқа толтырып,
Бир куни мен,
Столымда,
Жазу жазып отырып.
Оқушылық,
Кунлеримди,
Тусиргенде есиме,
Бир естелик,
Жазғым келди,
Оқып журген иниме.
Иним отыр,
Хат кoширип,
Менингменен иси жоқ,
Бир столда,
Екеуимиз,
Бизден басқа кси жоқ.
Ол-да тныш,
Мен-де тныш,
Отырыпбыз ундемей,
Арадан коп,
Уақыт отти,

Хешбреуге блипбей.
Мен-де болдым,
Озь исимди,
Ол-да болды озь исин,
Жазған хатын,
Маған берди,
Дузеп бер деп кемисин.

Жазған хаты,
Кута сулу,
Мен таппадым кемисин,
Оқудағы,
Минетининг,
Қутлықладым жемисин.

Сабағынга,
Салып ықлас,
Пухта етип исингди,
Блим ушын,
Белди буып,
Жумса жгер кушингди,
Оқып журсенг,

Оқуда сен,
Артта қалма, алда бол,
Блим саған,
Жолдас болсын,
Оқы, уйрен ашық жол.

Ананг—уатан,
Ғамхор саған,
Суй уатанды жас аулад,
Ер азамат,

Иним сенде,
Ада болмас бар ғайрат.
Ерге мирас,
Халқты силау,
Ҳурметли ис адамға,
Иним осип,
Жгит болсанг,
Қорған бол ҳурь уатанға.

*1948-жыл.*

## БАХЫТЛЫ БАЛАЛАР

Жайнаған омирдинг гули,
Гулленген бағдынг булбули,
Куяштай ашық кеулли,
Бахытлы, шадлы балалар.

Сизде жоқ турмыстынг тары,
Кеулингде жоқ қайғы-зары,
Ҳурь уатаннынг бахтияры,
Қуанышлы марть балалар.

Талпынған тлек талантлы,
Киялы қустай қанатлы,
Оқып уйренген сауатлы,
Блимнинг досты балалар,

Оқу ушын сал зейнингди,
Ықлас етип бу белингди,
Ҳурметле, сила елингди,
Анангыздай суй балалар.

Туылған жер—туған ана,
Бауырында жетилген бала,
Сталин сизлерге пана,
Гулдей жайнап ось балалар!

Жгерли ер, шадлы журек,
Алып ушқан жас кокирек,
Жаслық уақытта кобирек,
Оқынг, уйренинг балалар!

*1948-жыл.*

## ГОРЬКИЙГЕ

Кенг бахытқа болған қумар,
Гуресте женгимназ единг.
Қанаты қайрылмас сунгқар,
Қаҳарман даулпаз единг.

Азатлықты суйген сенинг,
Халқ уқты журек срынгды,
Сени ядта сақлап елинг,
Суйсинип оқыр жрынгды.

Менинг-де қолымнан туспес,
Сен доретип кеткен „Ана“,
Журегимде атынг ошпес,
Коркем созге шебер дана.

„Ана“ ҳамъ „Даулпаз“ жрын,
Оқып улги алдым сеннен,
Уйреттинг омирдинг срын,
Мен сени устазым деймен.

*1948-жыл.*

## МИНЕТ ЕТ.

Кем-тарлық жоқ уатанымда,
Халқ абадан, ел азат.
Оқуға ҳамьде ислеуге,
Ықтиярлы адамзат.
Жаҳанға тарипи тускен,
Кушлери бар карамат.
Менинг гулстан елимде,
Дауран сурген азамат,
Адули ана Уатанға,
Шын кеулден ҳурмет ет.
Халқ ушын туылған ерсенг,
Ел қадирин билсенг ер,
Шадлық маканында журсенг,
Заухы-сапа сурсенг ер.
Нур заманда оскениме,
Ыразыман дерсенг ер.
Жанымнан азиз анам деп,
Ҳурь уатанды суйсенг ер,
Қудретли кушлерингди.
Корсет халққа, хызмет ет.

Суй уатанды, суй елингди,
Сила халқты куш берер.
Халқ хызметин бежергендей,
Азаматқа ис берер.
Уллы исти қолға алсанг,
Жумса кушти, сал жгер.
Минеттинг палуаны болсанг,
Исте танылған егер.

Ерлик дангқынга мнасып,
Ис ислеуди адет ет.

Шоллерде баглар доретип,
Сайран етип журмеге,
Душпаннынг ишин куйдирип,
Шадлы омир сурмеге.
Жерлердинг баурын идирип,
Мол зураат уймеге.
Ислесенг манглай терлетип,
Хамь рахать кормеге.
Тлесенг қурғын жасауды,
Исле талап, минет ет.

*1948-жыл.*

## САХИПЖАМАЛ

Қане, дослар тынглаигызлар,
Қулақ салынгыз созлерге,
Жас жгердинг еткен исин,
Елеслеттирип козлерге.
Тарипин жеткерип жастынг,
Баян етсем мен сизлерге,
Қахарманлық ис улгисин,
Корсетти ер Сахипжамал.

Жузь центнер пахта ушын,
Терлер тогип, ғайрат етти.
Корсетип жаслықтынг кушин,
Хужданменен хызмет етти.

Куш устине кушлер қосып,
Женгистен-женгиске жетти.
Иси халққа улги болды,
Жгерли жас Саҳипжамал.

Жазымебен еткен минет,
Босқа кетпей манглай тери,
Тоқсан еки центнерден,
Пахта берди куткен жери.
Мол зураат жетистирди,
Ис палуаны, минет ери.
Жаслық дангқынгды котерди,
Еткен исинг Саҳипжамал.

Ис ислесе қуанады,
Ҳаллас урып жас журеги,
Кеше-кундиз ислесе-де,
Талмады кушли блеги.
Минет майданында халққа,
Танылу еди тлеги,
Тлегине жетти бугин,
Женгиспенен Саҳипжамал.

## ЖАНГА ЖЫЛ КЕШЕСИ

Дослар ушырасып бул шадлы кеше,
—Қутлы болсын жанга жлынгыз!—десе,
Беккем дослық ушын тост котеремиз,
Қолларда шайқалар шарафлы кесе.
Ҳешуақыт сынбайды бзинг сақтымыз,
Айымыз, кунимиз, ошпес жақтымыз,
Косем Сталиннинг саулығы ушын,

Тост котерсек хош болады уақтымыз.
Женгимпаз халқтынг суйген улымыз,
Бахтымыз зияда, айдын жолымыз,
Қудретли куш доретуге уйренген,
Таудай табыс келтиреди қолымыз.
Минет ету енг ҳурметли исимиз,
Биз уатаннынг доретуши кушимиз,
Сталинлик бесжыллықты торть жылда,
Орынлауға таяр турмыз барьҳа биз.

*1948-жыл.*

## ОСЕ БЕР МЕНИНГ ГУЛБАҒЫМ

Мақтанып, тасып айтаман,
СССР оскен Уатаным.
Коммунизмнинг шнгына,
Шғаман, журди ығбалым.

Алға бас, алға!
Ось, жетил!
Женгимпаз халқтынг гулбағы,
Женгиске баслап елимди,
Турыпты Ленин байрағы.

Тарбия етип осирген,
Сталин дана бағманым,
Бахтымыз ушын гулленип,
Осе бер менинг гулбағым.

# АҚ СУТИНГДИ АҚЛАЙМАН!

Инггалап ингир уағында,
Туылын едим анамнан.
Уыз суть емген шағымда,
Нарь алдым бахыт тангынан.

Ойткени анам куанып,
Бахыттынг тангын сағынған.
Танг нурынан нурланып,
Қолына қзыл ту алған.

Анамнынг болып тлеги,
Атты танг жайып қуяшын.
Шадланып соғып журеги,
Қуанып жайды қулашын.

Сол уақта мен-де талпынып,
Ашыпан еркин козимди.
Журеги тасып шарқ урып,
Суйипти анам озимди.

Сол куннен баслап жан анам,
Тарбия берип ер етти.
Гамхорым менинг ол панам,
Лениннинг жолын уйретти.

Осирди анам, ержеттим,
Есимде мангги сақлайман.
Қоргайман деп ант еттим,
Ақ сутин онынг ақлайман!

*1950-жыл.*

## ОТЫЗ ЖЫЛДА

Жерим кенг-жаҳан сиғандай,
Халқым дос бирге туғандай,
Мынг асирге тенг болғандай,
Ис иследим отыз жылда.

Беккемленип бурқып, тасқан,
Женгислерим болар дастан,
Еркин улке, бағы бостан,
Бахтым зият отыз жылда.

Мангги бахыт ис ислесем,
Арьманым не пал тислесем,
Болдыраман не тлесем,
Қолым балент отыз жылда.

Ашылды бахтымнынг кани,
Ошпес кун елимнинг сани,
Тойға тарту олжам ани,
Табысым мол отыз жылда.

Кремльден, Москвадан,
Уллы Сталин данадан,
Куш алып болдық абадан,
Уатаным бай отыз жылда.

*1947-жыл.*

## ТУЫСҚАН ЖАСЛАР

Халққа хызмет еттингиз,
Жаслық кушти корсетип,
Талай сыннан оттингиз,
Шнықтынгыз ержетип.

Отыз жасқа толдынгыз,
Туысқан дос марть аулад,
Сиз жардемши болдыиғыз,
Партияға қол қанат.

Ерлик иске мнасып,
Сизде куш бар зор талант,
Журсиз елге жарасып,
Бул не деген салтанат.

Ҳурь уатанда дарқансыз,
Сизлерде ерик ыхтияр,
Гул турмыста арьмансыз,
Остингизлер бахтияр.

Уллы тойға жиналған,
Женгислерге ашып жол,
Гуреслерде спалған,
Ленинщил жас комсомол.

Ашып дослық срымды,
Уя басқан ойыма,
Жаздым шадлық жрымды,
Бағышлайман тойынга.

*1948-жыл.*

## РАУШАН

Колхоз қзы Раушан,
Айне кушине толған,
Жумыс десе шаршауды—
Билмес. Исине палуан.

Исенип озь кушине,
Келди атыз ишине,
Талуас етип кристи,
Енг ҳурметли исине.

Кушли қолы талмады,
Бойда жгер қайнады,
Бугинги ис ертенгге,
Питпей шала қалмады.

Барлық иске куш сапты,
Арба айдап, шел шапты,
Жапты қазып жеткерип,
Коп егислик жер тапты.

Пахта ушын жер керек,
Жерге тогин, су керек.
Жер жақсылап исленсе,
Оним берер кобирек.

Буны анық билген ер,
Манглайынан тогип тер,
Бар илажды иследи,
Кушейсин деп пахта жер.

Даслеп жылдынг басында,
Жолдаслары қасында,
Бари бирден желкеге,
Туйип алып шашын-да.

Тонг кетуден баҳарде,
Турып ерте саҳарде,
Пахта жерге тасыды,
Дарис болса қай жерде.

Минетсиз нан қайдады,
Минет етсенг пайдады,
Тогин жайып жас кушлер,
Жерлерге су айдады.

Жер қаныпп келген тапқа,
Жаслар дзилген сапқа,
Звенонынг пахтасын,
Егуге кристи лаппа.

Жас кушлерде зор женгис,
Тез питти пахта егис,
Қалмай шықты когерип,
Жер бетине теп-тегис.

Жаслар тарбия етти,
Пахталар осип кетти,
Табиғатты минетке,
Бағындырып қул етти.

Деди жаслар куш бизде,
Жақын, киятыр гузде,
Истинг патин босатып,
Қалып қоймайық изде.

Деди Раушан енди,
Шешуши кунлер келди,
Қиынлықтынг барин-де,
Бзинг жаслық куш женгди.

Бизлерде бар жас жгер,
Кушлер женгис келтирер,
Звеномыз бойынша,
Гектардан жузь центнер.

Оним алып беремиз,
Деген бзинг уадемиз,
Жаслык кушин корсетсек,
Уадемизге жетемиз.

Ислер иси, куши бир,
Жаслардынг мақсети бир,
Ленин комсомолынынг,
Сози менен иси бир.

Куткен пахтамыз писти,
Терейик салып кушти,
Деп жас звеношылар,
Пахта теруге тусти.

Нени тынглар кушлери,
Онди терим ислери,
Звеношы жаслардынг,
Шықты женгис сеслери.

Раушан ис палуаны,
Орынлап ушь норманы,
Ҳарьгектардан тапсырды,
Жузь центнерден пахтаны.

*1948-жыл.*

## УАТАНЫМ

Шадлықта жасаған абадан халқы,
Душпанды зирлеткен батырлық дангқы,
Бахытлы ел мангги азат макaны,
Қуяштай жайнаған уллы уатаным.

Минетпенен аққан табыс булағы,
Женгистен-женгиске жеткен мудамы,
Еркин оскен ҳарбир совет адамы,
Жанындай суйеди сени Уатаным.

Азатлық тангындай раушан жузинг,
Жаслық куплериме нур берген озинг,
Қушағынгда остик, арьман жоқ бзинг,
Осирген улынгман уллы уатаным.

Қадирданым, беккем қорғаным, панам,
Қауендерим менинг адули анам,
Сен гулли бағ, бағман Сталин данам,
Басшылық етеди саған Уатаным,

*1949 жыл.*

## КЕТПЕНШИ ҚЫЗ ҚОСЫҒЫ

Минетимнинг гулисенг,
Жаудыраған жас пахта,
Кенг даланынг коркисенг,
Қулпы донип, гул жайна.

Теренг етип тубинге,
Кетпен урып кутейн.
Осу ушын озинге,
Коп тарбия етейин.

Бежерилип егилген,
Куш ал ҳасыл жеримнен,
Ықласпенен тогилген,
Су иш манглай теримнен.

Жеткерейин суынгды,
Сен осе бер шақалап,
Корип қадди бойынгды,
Мен журейин аралап.

Минетимнинг гулисенг,
Жаудыраған жас пахта,
Кенг даланынг коркисенг,
Кулпы донип, гул жайна.

*1949-жыл.*

## УАТАН УШЫН

Кулимлеген котерингки кеул шад,
Куанышлы турмысымыз кеулли.
Бахытлы Уатанда шағлаған бзинг,
Шадлы турмыс котереди кеулди.

Гулленген омирде, жанга даурде,
Уллы Уатан ушын туылған жаспыз.
Бизлер остик енг бир бахытлы елде,
Досқа-дос, Уатаннынг жауына қаспыз.

Бирликпенен алға қарай умтылған,
Сталиннинг ауладымыз айбатлы.
Жгерли ер женгилмейди душпаннан,
Биз батырмыз, Чапаевтай ғайратлы.

Уллы исте, зор гуресте шныққан,
Биз қаҳарман, бизлер женгимпаз ермиз.
Уатан ушын, туысқан дос халқ ушын,
Хызмет ислейтуғын биз таяр кушпиз.

## АЯМАСТАН УРЫНГ ЖАУДЫ

Биз кушлимиз, басласақ ис,
Барлығына жетеди куш.
Биз қаҳарман елдинг ери,
Бар-ма ер женгилген жери?

Болса-да усындай ғайрат,
Ҳешкимге етпеймиз айбат.
Душпаннынг ози тимесе,
Биз тимеймиз ҳеш ксиге.

Егер душпан тисе ози,
Қанға толып еки кози,
Жалақласып келсе бори,
Қазулы тур куткен гори.

Гуреслерде котерген дангқ,
Кудретли қаҳарман халқ.
Қолға алып бар қаруды,
Аямастан урынг жауды.

*1941-жыл.*

## ПУШКИН

Жайнаған қуяшы поэзиянынг,
Шаирлық шнгына шықтынг шарқ урып,
Ҳазир сенинг иске асты хиялынг,
Руҳынг жасарды гулдей барқ урып.

Уллы халққа таныс етип озингди,
Шынлықтынг дастанын қалдырдынг жазып,
Оқысам, тынгласам, ширин созингди,
Жаныма жағымлы аламан азық.

„Салем сизге таныс емес жас аулад!"
Деп усынған қолынг қолыма жетти,
Уллы атынг, созинг барлық тилде яд,
Дангқынг шартарепке таралып кетти.

Дос пенен душпанды таныды жанынг,
Ҳақ кеулли адамларды суйдинг сен,
Патшалыққа карсы қайнады қаиынг,
Жаузлық ислерин корип куйдинг сен.

Келешектен умит етип созып қол,
Еркин бир заманды арьман еттинг сен,
Жрынгменен жасау ушын тауып жол,
Совет даурине келип жеттинг сен.

Сени ол ким деп сораған адамға,
Мен жуап беремен заманласым деп,
Ол-да ортақ бзинг шадлы заманға,
Уйнмнинг ағзасы, қазанласым деп.

„Салем сизге таныс емес жас аулад!"
Деп усынған қолынг қолыма жетти.
Уллы атынг, созинг барлық тилде яд.
Дангқынг шартарепке таралып кетти.

1949 *жыл Чимбай.*

## КАЗАК
(1814)
(*А. С. Пушкиннен*)

Бир куни ярым ақшамда,
Коз алды қарангғы думан,
Асте дарья жағасында,
Атлы казак киятырған.

Қара малақай басында,
Тоны шангға батып қалған,
Тапанша қлыш жанбасында,
Ушы жерге салбыраған.

Жуйрик аты сулық тислеп,
Адымлап журип киятыр.
Уп-узын жалы желкилдеп,
Кем-кемнен узап баратыр.

Диуаллары қулап қалған,
Ане алда еки—ушь жай,
Бул жол аулға бет алған,
Онда бар дуть қалынг тоғай,

„Тоғайда табылмас қызлар"—
Деп ойлады Денис жгит:—
Тунь ишинде сулу қызлар,
Уйқыда деп етти умит.

Дон улы тартып дизгинин,
Тақымын қсып жберди,
Жайларға қарап коринген,
Аты-да шауп жонелди.

Майда бултлар арасында,
Ай ғумистей жарқырап тур,
Айнасынынг қапталында,
Сулу қыз мунгайып отыр.

Журеги соғып дурсилдеп,
Батыр сулу қызды корди,
Аты асте-шетлеп-шетлеп,
Айнанынг алдына келди.

—„Тунь болды тас қарангғылық,
Ай болса жайына батты,
Жаным сыртқа жуырып шық,
Суғарып бер мна атты".

—Жоқ! Жас жгиттинг қасына,
Жақынласу қауетерли,
Уйимнен шғып атынга,
Су аперу қауетерли.

„Эй гоззол қыз ҳешбир корықпа,
Ярменен дос бол кеуллес!"
—Тунь қорқынышлы сулуға,
—Ал қуаныш! Хаупли емес!

Суйиклим исен созиме,
Қуры босқа қорқа берме,
Уақтым қымбатлы озиме,
Мази бикарға откерме.

Мин атыма сенингменен,
Мен кетемен алыс жаққа,
Бахытлысанг менингменен,
Озим бар жер „беиш“ барҳа.

Қыз не қылды, қайтсин конди,
Қорқынышты женгди брақ,
Кетуге келисим берди,
Жолы болып қалды казак.

Шауп кетти ушқан қустай,
Брин-бри жақсы корди,
Еки ҳаптеден узамай,
Ушиншиде озгерилди.

## ОЯНУ
(1816)

Хиял, хиял,
Қайда ҳазлигинг,
Қайда сен, қайда?
Тунги маслигинг?
Менинг бир озим,
Кеулли тусим,
Туннинг ишинде
Жоқ болып кетти
Ояндым озим.

Айналам мениң
Тилсиз тас тунек.
Сую хияллар
Сол уақта сонди
Бри қалмастан
Ҳамь ушып кетти.
Еле журегим
Толы тлекке
Сол корген тусим,
Туседи еске.
Ышқы ашықлық
Отиниш саған:
Корген тусингди
Сен жбер маған.
Ерте азанда,
Тағы корейин,
Турмай уйқыда
Олип кетейин.

## ДОСЛАРЫМА
(1816)

Сизлерди құдай жарылқар,
Алтын кун, алтын тунлерде,
Қара қаслы сулу қызлар,
Козлерин тгер сизлерге.

Досларым ойнангыз кулип!
Туиь тез отсин болынгыз мась,
Шадлықларынгызды корип,
Мен кулемен, козимде жас.

# АЙ

(1816)

Булттан неге кориндинг,
Ерке ай таслап орнынгды,
Айнадан неге тусирдинг,
Копшикке гунггирт нурынгды.

Кеулсиз озь нурынгменен,
Мунглы ойды ядқа салдынг,
Ес ақылды жинап алдым,
Мази сую азабынан
Мен зорға қутылып қалдым.

Ушып кетсин откен ислер!
Уйықла бахытсыз ашықлық,
Сол тунь қайтып келерме екен,
Сенинг сол сырлы нурларынг,
Қарангғыны жарып откен,
Менинг ашық нгарымнынг,
Сулу дидарын корсеткен.

Сол уақта минутлар барлық,
Неге тезликпенен отти,
Геугимленген қарангғылық,
Неге тангнан қашып кетти?

Не ушын сен қаштынг айым,
Неге ашық кокте баттынг,
Неге жарқ етти танг нуры,
Ярменен неге хошластым.

# КУНДИЗГИ ШАМ-ШРАҚ
(1820)

Ошти кунименен жанған шам-шрақ,
Кок тенгизди қаплады кешки думан,
Ҳағла желқом қалеген жаққа змырап,
Толқынла астымда тунерген океан.
Мен корип турыппан алыс жерлерди,
Тусликтеги улкелерди ажайып:
Қайғыменен ядқа салып откенди,
Умтыламан соған қарай мунгайып...
Сезип турман козиме жас келип тур;
Журегим шаукилдеп, тасады шадлық;
Таныс хиял айналамда ушып журь;
Откен кунлердеги ессиз ашықлық,
Журекти нелеп ғам шеккен нарсем,
Ядқа тусти тлек умит алдаған...
Ҳағла сен қалеген жағынга желқом,
Толқынла астымда тунерген океан.
Алдағыш тенгиздинг хаупли еркинше,
Уш коробль жеткер дым алыс жерге
Брақта думанлы озь уатанымнынг
Қайғылы шетине апара корме,
Ышқы отыменен даслеп сезимим
Енг бринши сапар тутасқан елге,
Жасырын назик муза кулип жаслығым
Гулленип даулда ҳамь солған жерге.
Ушқалақ қуаныш бет бурып меннен
Кеулим суыған жерге апара корме.
Жанга сезимлерди излеущи озим,

Қаштым сеннен ата-баба уатаны,
Ҳазликтинг уллары қаштым сизлерден;
Минутлық досларым жаслық уақтағы;
Сизди ышқы ушын адастырған яр,
Сизге ашық болмасам-да дангқымды,
Озимди, тнышлық, азат, еркимди,
Қурбан еткен едим танде жанымды,
Турақсыз гоззаллар умыттым сизди,
Менинг алтын баҳаримнинг жасырын,
Сериклери сизлерди-де умыттым...
Брақта бурынғы журекти жеген,
Ышқы жарасына ем табылмады...
Уш желқом қалеген жағынга ҳағла,
Астымда тунерген океан толқынла...

## И. И. ПУЩИНГЕ

(1826)

Жан достым тенги болмаған!
Тағдирге мен-де ырзаман,
Қорам қанграп қалғанда,
Қайғылы ақша қар басқан,
Сылдырлады қонграуынг.

Менинг даусым жанынгды,
Сондай етип жубатсын,
Мен тағдирден тлеймен!
Тутқынлықтағы кунингди,
Лицейде журген уақтағы
Ашық кунлер жақтыртсын.

## ДОН

(1829)

Кенг далада жарқыраған,
Ағыслы Дон!. Бердим салем!
Алыстағы улларынгнан
Саған алып келдим салем.

Дарьялар атағы шыққан
Теренг Донды дейди аға;
Аракс пенен Евфраттан
Алып келдим салемнама.

Атланыстан алып демин,
Озь елине келип тусти,
Арпачайдынг молдир суын,
Дон атлары қанып ишти.

Адули Дон қой таярлап,
Атлы жаунгерлер ушын
Озингде жасырын сақлап,
Жузимингнинг ширин суын.

## БУЛБИЛ

(1833—1835)

Булбилим менинг булбилим,
Кип-кишкене тоғай қусым!
Кишкене қусым озингде,
Тенг-тайы жоқ ушь қосық бар.
Жас жгит менинг озимде,

Кута уллы ушь қайғы бар,
Менинг енг бринши қайғым,
Жаслай ерте уйленгеним.

Ал, менинг екинши қайғым,
Истен шықты гуренг атым,
Ал менинг ушинши қайғым,
Жаузлардынг себебинен,
Мен айрылдым суйгенимнен.

Сизлер маған қазынг горди,
Ашық ҳамь кенг далалықта,
Егингизлер қзыл гулди,
Менинг тап даль бас ушыма.

Ал булақтынг тнық суын,
Ағызынг аяқ ушымнан.

Жас қызлар сол жерден отсе,
Қзыл гулди жулып алар.

Ал ғарры ксилер отсе,
Суды ишип, миири қанар.

## АЛТЫН ҲАМЬ ПОЛАТ

(*жлы белгисиз*)

Бари меники, деди алтын;
Бари меники, деди полат.
Сатып аламан, деди алтын;
Тартып аламан, деди полат.

# ПОЛКОВНИКТИНГ ОЛИМИ

(*Адам Мицкеевичтен*)

Атқышлар ротасы қалынг тоғайда,
Тоғай бажбанынынг жайын қорып тур,
Ал, полковник олип баратыр жайда,
Қарауллар даруазаны қорғап тур.
Ауллардан коп диқанлар жиналды,
Оны суйетуғын еди халқлар.
Онынг ден саулығын сорап қиналды,
Қайғырысып апуайы адамлар.

Ол бир солдатына буйырды қатты,
Қара атты ертле деди мнуге.
Келтир деди усы жайға сол атты,
Сонгғы сапар тағы-да бир коруге.
Буйрық етип: қлышымды беринг—дер,
Болғандай асығыс жауға атланбақ.
Чарнецкий[1]) янглы дангқлы жаунгер,
Олеринде жарақпенен хошласпақ.

Шғарғаннан кейн атты сол жайдан,
Ксендз оқуға келди жназа.
Солдатлардынг туси солғын қайғыдан,
Уй алдында халқ оқыды жназа.
Ҳатте Костюшконынг талайды корген,

---

[1]) Чарнецкий—поляк аскербасысы; Костюшко—поляклардынг миллет азатлығы ушын гуресининг қаҳарманы; Ксендз - поляклардынг имамы; Эмилия Платер—поляклардынг котерилисинде котерилисшилердинг командири болған қыз.

Талай сапар қанлар токкен қырғында,
Солдатлары жас тогуди билмеген,
Жас баладай енгиреди уй алдында.

Азанда ширкеуде қағылды қонграу,
Билдирмей сауашқа кетти солдатлар,
Бул жерлерди орап алған еди жау.
Сардарменен хошласуға халқлар,
Зиyaратлап келди уйине бари,
Ол жатыр жалаиғаш ағаш катинде,
Басынынг астында атынынг ери,
Қлыш ҳамь мылтығы жанбас бетинде.

Сардар басшы қатанг солдат болса-да,
Онынг сулулығы ҳайран қаларлық...
Қадди бойы қандай назик!—ҳау, бул
қыз ғой,
Полковник киимин киген қаҳарман
қыз ғой,
Котерилисшилердинг сардары—Эмилия
Платер!

*1832-жыл.*

## САША
### (*Н. А. Некрасовтен*)

1

Улынынг қабиринде жлаған анадай.
Далада мунглы қызғыш зарлағандай,
Қосшынынг қосығы-ма еситилген—
Узақ қосық журекти елжиреткен?

Қарағай ҳамь қайынг тоғайдынг шети,—
Кеулсизсенг Уатанымнынг сурети!
Неге тыныш ақыл-ҳушым ашулы?
Тоғайдан шыққан сес маған жағымлы.
Таныс егинимди корип суйемен—
Ниетиме алғыс ерик беремен
Озимнинг туылып оскен жеримде,
Мен тогемен барлық жасты козимде.
Журегим ашуға тойып шаршады,
Онда шынлық коп, брақ шадлық азайды,
Айыплы танлерди жатқан қабирде,
Оятпайман душпанлық етип мен-де.
Уатан—ана! Кеулим қайтты пасине,
Суйген улынг қайтып келдим озинге.
Зураатсыз жеринг қанша ексе-де,
Жаслар куш сарп етип минет етсе-де.
Қанша асау қорқақ кеулимди менинг,
Қайтара алмады даулынг сенинг,
Қапашылық келтирсе-де бурыннан,—
Мен женгилип сенинг алдынгда турман
Қудретли апат кушти майырды,
Турли жаманлықлар патти қайырды,
Ҳамде шаирлығым ҳаққында олген,
Қайғылы қосықты айтып беремен.
Уят емес алдынгда жлауым менинг,
Кеулиме келмейди ҳурметинг сенинг,
Туысқанлық қушағымды ашаман,
Қайғылы қапамды умыттыр маған!
Турмыс мени езди... жоқ боламан тез...
Ақылсыз улын-да ана жек кормес:

Жанға ғана оған аштым қушақты,—
Кушим-де қосылды, коз жасым ақты.
Онимсиз егис жер лалазар болды,
Шрайланып сулу гуллерге толды,
Тоғай-да озь басын кеулли иили,
Аспанда қуяш-та жағымлы тиди.
Қиратушы ойды туғызған маған,
Ашулы қосықты айтқызған маған,
Мен қуанып кирдим мунглы уйге сол!
Иесиз қалғандай азь кеулсиз ол!
Онда кеулсиз болар; жоқ мен кетемен,
Кеш емес ғой, қонгсыма-да жетемен,
Жайласаман ишине тныш уйдинг,
Қонгсыларым—дангқлы кснлер менинг,
Олар дангқлы жанлар! Шадлығы шексиз,
Мақтанбайды қызбалығы белгисиз,
Олар аяқлайды омирин қалай?
Ол қартайып болды трысқан бабай,
Оннан онша кемпири жас болмаған,
Онынг қзын кору кеулли маған,
Қзы Саша... Алыс емес жайы-да,
Саума-екен уй иши барлық жаны-да?

2

Жақсы турдынгыз-ба жанлар миримли,
Суйдингиз-бе қзынгызды суйкимли,
Гуллердей жабайы оскен далада,
Саша ости даладағы аулда.
Онынг барлық тныш балалық уағы,
Табысы аз неге жарлы мудамы?

Оны тарбиялап блим беруде,
Сизлер ойламадынгыз ол жонинде.
Ктап балаға—азап, бас қатырады,
Илим аулласларды шоршытады,
Аулда журектинг ҳақлығы брақ,
Басқа жерден горе сақланар узақ.
Бет алмасы қзыл раушанынгыз...
Суйкимли жас сулу сзинг қзынгыз.—
Гауҳардай жанады жургенде шаққан,
Қара кози кулимсиреп ойнаған,
Топ-толық, қып-қзыл жумалақ жузли.
Қаслары қиылған тип-тик иинли;
Ҳамь Саша билмейди қайғы-қапаны,
Жасы онынг оналтыға қарады,
Саша ерте турды уйқысы қанып,
Қара шашы иинин жауып доланып,
Ҳамь қашып кетеди жазиралыққа,
Ҳамь еркин журеги толы шадлыққа,
Басқа-да бир жол алдында турады,—
Кеуллениип қорқпай адым урады,
Брақ ол не ушын қорқады қандай?
Айналасы парахатшылық сондай,
Қарағай бас иип, тажим бергендей,
Блинер-блинбес сбыр еткендей,
Кок шақа астында салқын саялар:
„Тез отыр жол журип шаршаған жанлар!
Миримли, шадлы қушаққа аламыз,
Тлегенингизше салқынлатамыз“.
Жан-жағынг гулленген далада журсенг,
Коп-комбек бииклик аспанды корсенг,

Кун куледи, шадланады табиғат,
Атрап бостанлық тыныш ҳамь азат,
Тек қаразда дунья ашулы ағар,
Азат емес қыйын!.. онынг жери тар...
Ол бишара қутылуды тлейди,
Қайнауытлап кобик шашып гулейди,
Брақ ол богетин жға алмайды,
„Азатлықтан ол бинесип қусайды".
Саша ойлар,—„қамығу ақылсызлық",
Жан жақтағы турмыс толысқан шадлық,
Кудрет сақлайды Сашанынг бахтын,
Корқуды билмейди хош етип уақтын,
Қара жер устинде қалған сурилип,
Аулласлар келеатыр коринип,
Саша корип аньжамлады кеулин,
Тынышланған апуайы омирин:
Ол бледи суйген аул адамын,
Жерге токкен манглай терин ҳамь қанын.
Бледи бос кетпес жерге тер тогу,
Қзық тухым сепкен диқанды кору,
Қымбатлы—суйикли асыраушы жерлер!
Кормеге сулусыз данли егинлер.
Гауҳардай данлеринг толысып, псип,
Турасыз бип-биик қап-қалынг осип,
Туйек айдағандай қзық болар-ма,
Копшилик еткен ис онбей қалар-ма,
Тағы тоғай ҳамь-де егис жерлери,
„Тез бол!" деген жангғырыққан сеслери,
Жағымлы сес кимди оятса егер,
Узақ кун ол рас қуанып журер,

Саша оянды-да гудиге шапты,
Кунсиз—я қарангғы, я емес жақты,
Тап жанга шуласқан пада айдалды,
Ат ҳамь қойлар тонглы жерге жол салды,
Ҳауада буpқырап суттинг ииси,
Арбанынг кейнинде тайдынг журиси,
Пар шғады есигинен ашылған,
Бреу отыр печьте отқа жлынған,
Қырманшылар тек қолларын силтейди,
Айдалғанын машинаға жуклейди,
Саясы жанга кориндим дегенде,
Қуяш шғып басланады ҳамь кун-де.
Журегинде сақлап суйип жасынан,
Даланынг гуллерин Саша жинаған,
Оскен шоптинг қонгсысынынг жеринде,
Атларын бледи еле есинде,
Араласқан таныс шбын-ширкейин,
Айырар қуслардынг сестине дейн,
Ал, Саша еле жоқ кун-де тусь болды,
Саша, сен қайдасанг тамақ муз болды,
„Саша! Саша!"—деп шақырған дауслар,
Келип тур қосылып айтқан қосықлар,
Узақтан—мундаман!—деп даус берген,
Кок гуллерди орап басына киген,
Қара шашлы бреу сырттан коринди,
„Кординг-бе сен тентек журген жерингди!"
Будайлардынг дани толысқанындай,
Осип кетти бзинг қыз, илаж бар қандай,
Не? ҳешнарсе! Тусин қалай коресенг!
Не керек екенин озинг блесенг,

„Орақ болса пискен егинге керек,
Бой жёткен қызға-да жас жгит керек“,
Мнекей, кординг-бе ғаррынынг ойын!—
„Ойлан, я ойланба коремиз тойын“,
Шаллар журди сойлеп усылайынша,
Сашаға жолықты дарья бойында,
Олар тасаланды турып тым-трыс,
„Қолға тустинг-бе—деп—ҳа бале сен қыз“.
Бақырысып, қзын ортаға алып,
Коргенине кеули толып қуанып,
Саша қысқы кунде ертек тынглауды,
Суйеди. Азанда шана айдауды,
Муз тауға отырып, кеули йошып,
Саша томен қараї сырғыды ушып,
„Жғылма!“ деп бақырады анасы,
Сашанынг ушқанда зытқып шанасы,
Бирден шана патпенен тонгкерилди,
Саша жерге қулап, қарға комилди!
Шашлары урпейип, тонын шешеди,
Қарын қағып турып, гоззал куледи,
Оған урыспайды ғарры мамасы,
Қайта жас кулкисин кореди жақсы.
Сашанынг қайғылы уақты-да болды,
Тоғайды шапқанда жлап-та қойды,
Ҳазирге шекем ол қатты аяйды,
Тоғайдағы болған қарағайларды.
Онда арасынан ғарры ширшанынг,
Миуасы коринди ҳамь калинанынг,
Котерилип оскен жас қарағайлы,
Тоғайдынг устинде қус ушты шадлы.

Томенде бар еди турли ҳайуанлар,
Балтаменен келди бирден диқанлар,
Тоғайдынг ишлери у-шуға толды,
Қоянлар еситип зымғайым болды,
Қаранггы инине тғылды тулки,
Қанатларын қағып сақ болды уки,
Қалдырмастан корген затын жолларда,
Тасыды инине қумырсқалар-да,
Копшилик еткен ис онгиш болады,
Орылғандай болып терек қулады,
Қурақ қайынг тереклерди қулатты,
Еменлерди тамырынан сулатты,
Қартайған қайынгды шапты-да алдан,
Оннан сонг басына илдирди арқан.
Ҳамме томен қарай тартады бирдей,
Жерменен жабысып қалсын дегендей,
Коп сауаштан кейн женгип шыққандай,
Олген ерди тепкилеген душпандай,
Бул жерде қайғылы хапа кобирек,
Енгреп жлайды коп биик терек.
Шабылған жеринде қайынг агашы,
Буршақтай тогилди хошласу жасы,
Ҳамде бринен сонг бри жғылды,
Туған жерге қарай бари ығылды,
Қоллардынг минети кейн тоқтады,
Тунги шам-шрақлар аспанда жанды.
Ҳам-де нақ устинде женгилген тоғай,
Донггеленип турды жарқыраған ай—
Тереклер қозғалмай жатты олидей,
Шақалары сnып, штырлап бирдей.

Жан-жақта жапрақ шуласты бирдей,
Мсалы сауашлы туннинг ишиндей.
Жаралы тур налет айтып ынгырсып,
Қанлы жерден шамал отти жлысып,
Жатқан жарақларды сипап отеди,
Олген ердинг шашын желпилдетеди.
Донглердинг устинен ағарып қалған,
Коленгке отеди арман ҳамь берман.
Шыр айналып ушып тусти томенге,
Баюлы қанатын тидирди жерге,
Атшок сести еситилди алыстан,
Ғақылдады зақша естен айрылған,
Тоғайдынг устинде ушады шулап...
Ол ессиз балларын таппайды брақ!
Қулады теректен палапанлары,
Ашылды сап-сары кенг аузлары,
Ашулы секирди. Жақпады сести,
Сойтип оны диқан басқылап женишти,
Жумыс тағы қзып кетти азанда,
Сашанынг барғысы келмеди онда,
Бир айдан сонг келди, алдында корди,
Қазылған ойларды, мынглап донглерди.
Шақасы иилип мунгайған турде,
Ғарры емен орнында тур ҳарь жерде,
Сол усап аулда жумыс уақтында,
Қалатуғын еди кемпир-ғарры-да.
Ушқы шақалары уйип қойғандай,
Онда суймырық қус уя салғандай,
Коп жасаған адамлар айтады-мыс,
Ярым асирде еки балалайды-мыс,

Уақытлар келди деп ойлады Саша:
Ушып шғар пирли қуслар тамаша,
Сулу қуслар думпешикке қонады,
Жақсы қосықларды сайрап турады,
Саша турып, кеул болип тынглады,
Сулу кеште кун сағымлы нурланды,
Қонгсысынынг қалынг тоғай бетинен,
Аспаннынг қып-қзыл болған шетинен,
Шаншылғандай болып нурлары куннинг,
Алтындай шағылысты устинде донгнинг,
Алыстағы бир думпектинг устинде,
Суретлерди салды турли ренгде,
Саша сол кун узақ коз илиндирмей,
Қуслар не айтар екен:—деп ойлады бирдей.
Туншыққандай жайдынг иши тарайды,
Брақ кеулли оған, Саша уйқламайды,
Турли-турли ойлар тез алмасады,
Шекеси лапылдап оттай жанады,
Тыныш қатты тангғы уйқысы онынг,
Бул даслепки пати еди жаслықтынг,
Журеги қуаныш патине толған,
Кеулинде қайғы жоқ қапаландырған,
Булт жақын туперген саясы брақ,
Буркемейди, турған кунди жарқырап.
Кун еле ап-ашық, булт-та жоқ басқан,
Шахмақ шағылса-да суп-сулу аспан
Ериксиз қорқытады оты шахмақтынг,
Жайнаған козлерин бул балалықтынг,
Жпектей есилген сулу шашлары,
Ағарар-ма тамып козде жаслары.

Еркинликти бағындырып алар-ма,
Непси жаман бузық жолга салар-ма...
Тунерискен бултлар бир қаптал отинг!
Толысқанерикли, қудретли кушинг.
Далада осип турған ҳалсиз бир шоп-те,
Шдай ала-ма сизлерменен гуресте?

3

Ушь жыллықта елден кетер алдында,
Қонгсымды қушақлап хошласқанымда:
„Сашам мениңг, жақсы ерге тигейсеңг,
Суп-сулу коп балаларды суйгейсеңг
Ҳасиретсиз узақ болсын омириңг"...
Деген тлеклерим болмады мениңг,
Ғаррылар жарлылық ҳалға ушыраган,
Атам айтты Саша ҳаққында маған.
Бизге қонгсы болып меншикли жайы,
Бос тур еди қырқ жыл бойы удайы.
Ушь жыл болды келди жайдыңг иеси,
Жайында ҳамь бизде болды ол кси.
Лев Алексеич Агарин: едилер аты,
Торелигин билдирмейди спаты,
Лорнеттен қарайды, нағыз ақ суйек,
Тобесинде шашы бар азғантай сирек.
Ушар қуспенен салыстырды ол озин,
Шет елде болдым деп айтады созин,
Коп уллы қаланы, кок теңгизлерди,
Кордим дейди су асты копирлерди,
Ҳарнарсе жақсы ҳамь сулу ол жерде,
Егерде коп болса пулыңг ксенгде,

Кронштадтқа келдим пароходпенен,
Буркит мудам айналады устимнен,
Уллы исти ниетлегендей маған,
Бизлер кемпирменен ҳайранмыз буған,
Саша кулди, кулди онынг ози-де,
Ҳарь уақ келип-кетип журди бизге-де.
Сашаменен таныстьı, қдырып журди,
Бзинг табиятымызды кемситип кулди.
Баҳар болып туратуғын барҳама,
Ел бар екен сонынгдай бул дуньяда,
Ол жерде айналар ашық қыста-да,
Миуалар пседи қуяш нурында,
Оннан сонг патикке ҳамь бираз қарап,
Кеулсиз бир нарсе оқыр дауслап,
Ҳақиқат қосықтай шықты созлери,
Жасаған-ай қанша айтты озлери,
Ол аздай оған ол оқыды ктап,
Сойлеуге уйретти француздшалап,
Басқа бреу ушын хапа болғандай,
Барин талқылады себеби қандай,
Мнекей қайсы бир ҳазирги заман,
Неге: аш, бахытсыз ашушанг адам,
Брақ айтты рухынгды пасейтпе,
Ҳақиқат кун нуры жайнайды жерде,
Буған исенимин далиллегендей,
Шарапты иштилер екеуи бирдей.
Саша болса, ҳеш қалғысы келмейди,
Ернине тигизип сра ишпейди,
Бизлер иштик, уйренгенбиз ишуге,
Қыс басында хошласты ол кетуге,

Бостан-бос жургеним жетеди енди,
Сиз ҳақ кеуллилер сау болынг деди,
Патия беринг иске... уақытлар жетти,
Деп ол шоқынды-да ол уйден кетти.
Даслепки уақ Саша хапалы болған,
Бизбенен сойлесу кеулсиз оған,
Оған жақсы тасир етти-ме сондай?
Тек бизлер нарсе билмедик ҳешқандай,
Қосық, жумбақ, ертек кеуллендирмес,
Қыс ҳамь келди. Брақ шанада журмес,
Ғаррылардынг ғамын жеген исиндей,
Ойланады коп ой басқа тускендей.
Ктап оқып, жасырынып жлайды,
Хат жазады жасырады оларды,
Ктапларды сатып ала баслады,
Ахыры ақылды уйип таслады.
Айтып уйретеди пени сорасанг,
Онынгменен сойлессенг жалықпайсанг,
Ал миримли... Бундай жақсылықты мен,
Омирде кормедим ҳамь кормейсенг сен!
Онынг барлық гедей ашна-досларын,
Кутип силап, емлейди науқасларын.
Сондай ол онтоғыз жасына жетти,
Бзинг омиримиз қайғысыз отти,
Қонгсымыз тагы-да қайтып келипти,
Тусте бараман деп хабар етипти,
Қуанышлы Саша оны кутеди,
Уйин таза гул акелип безеди,
Ктаплары тартиппенен тақланды,
Киинди-де, таярланды, сазланды.

Қарсы алдынан шықты танг қалды қонгсы,
Ҳайран болды. Тусиникли бунысы:
Сонгғы еки жылдынг ишинде ғана,
Саша шрайланып остп аз ғана,
Бурынғыдай бети гул-гул жайнаған,
Келди куйеу шашы ағарып қалған,
Не ислеп, нелерди оқығанлығын,
Оған Саша айтып берди барлығын,
Брақ айтқанлары файдасыз кетти,
Онынг созине ол қарсылық етти,
Бурынғы созимиз бикарға кетти,
Ақыллы ксилер басқаша шешти,
Адамзат тухымы ашушанг деди.
Ҳам-де „пась“ деп согип жаманлай берди,
Ол не айтты бизлер тусине алмадық,
Брақ соннан бери тыныш таппадық,
Мне ҳазир онжети куннен бери,
Саша коленгкедей гезип журеди,
Ктапларын га оқып, га таслайды,
Қонақ келсе, ундемеуин сорайды,
Ол ушь жола келди, бир уақта билди,
Хат жаздырып турған дийқанды корди,
Ҳамде оннан бир ҳаял дари тлеп,
Турды жарасына сорап шуберек.
Ол соны корди-де бизлерге айтты,
Озининг кеулине басқа жол тапты,
Саша шғып кетти бир созь айтпастан,
Ол айтпақшы болды, оған: „науқаспан!“.
Жберген ктабын оқымайман деди,
Ҳамь озине қайтарып-та жберди,

Жлады, мунгланды сиынып аллаға,
Ол айтты: „мен таяр журуге жолға"—
Саша козимизше хошласып кетти,
Жайына барып, есигин нық бекитти,
Не? оған ол хат жберди. Бул жерде,
Гуналымыз оған озлеримиз-де.
Жасырып оқыдық бизлер ол хатты,
Уйленбекши болған ойын айтыпты,
Адеп, Саша оған қарсылық етти,
Оннан сонг ол хатты бизге корсетти,
Ози бай, ози жас қай жери кемис?
Бизлер айттық: „ти, патия беремиз",
— Жоқ тимеймен,—ол ози тыныш емес,
Гейуақытта „мен оған—деди—тенг емес",
Га „маған тенг емес бир турли ҳазир,
Ашушанг болыпты, суймейди ҳазил!"
Ол кеткели хапаланып журеди,
Онынг жазған хатын жасырын суйеди,
Не болды оған? Туысқаным тусиндир!
Қалесенг Сашаға козингди тусир,
Қашанға шекем ол қайғыланады?
Қосық айтпай неге хапаланады?
Ол сордынг омирин зая қылған-ба?
Сен бизге айт, ол жай адам болған-ба?
Ямаса ол басты дуалаушы-ма?
Ямаса азазил ол алдаушы-ма?»

4

Сизлер бунша неге қайғы шегесиз?
Сиз тез бурынғыдай турмыс етесиз:

Алла аяп, Саша тауир болады,
Ол ҳеш кимди ҳеш дуалай алмайды,
Ол... сиз тусину ушын тусингимди,
Таба алмай турман айтар созимди...

Танг қаларлық адамларды данышпан,
Бзинг елимизде доретти заман,
Бул азазил емес кси алдаған,
Бул ҳазирги заманға сай қаҳарман!

Ктап оқып, дунья жузин гезеди,
Ислеу ушын озине ис излейди.
Атасынан қалған мирас байлықлар,
Коп минеттен оны азат қылдылар.

Жолменен журуге коп журип откен,
Хайярлық ақылы кесентлер еткен,
Жоқ, мен сарп етпеймен озь жгеримди,
Қумырсқадай адамлардынг исине:
Кушимнинг ишиме симағанынан,
Қабириме ерте жақынласаман,
Яки бул дуньяда жулдыз боламан!
Деди дуньяны бахытлы қламан!

Қолыменен ислегенди суймейди,
Басқа иске зияны-да тимейди,
Ҳазир бзинг уллы қиын кунлерде,
Ойын емес: ктап оқи беруде,
Жай турпайы ашушанг бир кемшиликти,
Брақ, ендирмейди ниетли кушти.

Уйретпейди теренг суюшилигин...
Ансат емес дузеу заманнынг исин,
Харким уллы ойлы еркин журеди,

Журегине туысқанлық тиеди,
Тек созде ҳамь исте басқанынг исин,
Ислемес, сарп етпес озининг кушин,
Ол хатты суйеди, коре алмайды,
Шнында ҳешкимге залел қылмайды.
Ашықлық куйдирип, қинады, жанын,
Басын айналдырды, жургизбей қанын!
Оған не айтса-да сонгғы ктабы,
Соны журегинде сақлар мудамы.
Нанса, нанбаса-да бари бир оған,
Далиллеген болса ақыллы болған,
Ҳешнарсе жоқ озининг-де кеулинде,
Кеше не ексе, соны орар бугин-де,
Ертенг не орарын ози билмейди,
Барады тек ғана егуге енди.
Бунынг барин жинастырып келгенде,
Откереди уақтын ол созбенен-де,
Егерде жумысты қолына алса,
Басқадан кореди, келиспей шықса,
Боп бос қанаты қайрылса саль ғана,
„Куш салма!“—деп бақырады бишара,
Қанатын куйдирип алған буркиттей,
Оннан бетер ашуланар путинлей,
Тусиндингиз-бе?... жоқ онда қойынглар!
Битап қыздынг ози тусинсе болар.
Енди онынг ози билди дамесин,
Оған исенудинг керек емесин,
Қалғанын ислейди уақыттынг ози,
Шашады ол бари сондай уй-иши!
Бзинг дала жеримизде журсенгиз,

Адым сайн я ой, я донг билсенгиз:
Жазға қарай сусыз қалган жралар,
Кунге кеуип, ишине қум тғылар,
Гузде ылас, коринбейди қсында,
Ал табынгыз: келсе баҳар паслында,
Ыссы жақтан адам еркин дем алар,
Қуяш келип, озининг пурын шашар—
Қзыл қуяш қарды еритип турар.
Дарья толқынласып жағаға урар,—
Басқа толқын шашылады жан-жаққа,
Сӯлар урынады сыртқа шықпаққа.

Қадирли ой... баҳар отип кеткенде,
Кешке шекем тағы куйдирер кун-де,
Брақ онынг суын ишкен егинлер,
Когерип шыққан сонг псип жетилер.
Келип-кеткен қонгсы оятты бзинг,
Сашанынг тып-тыныш жатырған кушин..
Астарлы ҳамь тусиниксиз сойлеймен,
Дослар, исенингиз, блингиз деймен:
Жас жанға ҳарь даул жағымлы тиер,
Минетте шнығын, кеулли осер,
Умитсизленеди қзынгыз неден,
Ойлаған ойына жетеди тезден:
Кута жақсы тускен жерлери даннинг—
Онимли болады миуасы онынг!

*1852—1855.*

## ПАЛУАНБЕК

### КРИСПЕ

Дос ақылын тынгласам,
Озь созимди гизнеп мен,
Тил байлығын жинасам,
Созь ҳасылын излеп мен.

Ойланып жаҳан гезсем,
Хиялым етер паруаз,
Йошланып маржан дизсем,
Қалемнен шғар ҳауаз.

Ҳауазға қыз-жгиттинг,
Қосылар ерлик иси,
Сауашта батыр марттинг,
Дангқ котерген женгиси.

Қаҳарманлық дангқынынг,
Иесининг ерлиги,
Уллы совет халқынынг,
Ҳеш бузылмас бирлиги.

## ЖАЙЛАУДА

Хош нисли кок гия,
Қаратаудынг баурында,
Суы козге тотия,
Остим Аму бойында

Меҳрибан азиз анам,
Жагаласам Амуды,
Наным жеп оскен далам,
Араласам жеримди.

Халқ жайнатқан даланы,
Озгерилип кетипти,
Минет—қыр, ой салаиы,
Баг гулистан етипти.

Менгреу саҳралар бурын,
Бугин корсем гул-лала,
Тартты козимнинг нурын,
Жасыл мақбалдай дала.

Кун сайн орлеп осип,
Аспанменен таласқан,
Жылда миуалап псип,
Жерлериме жарасқан,

Баглар зейнимди ашты.
Турдым гуллерге қарап,
Жупар иисин щашты,
Жуттым ишкендей шарап.

Козге ысық бау-бағша,
Шамалменен шайқалып,

Корсенг корки тамаша,
Егинлер тур ырғалып.

Коз тартады қулпырып,
Пахта менен жонгышқа,
Келдим кеулим йош урып,
Жазгы жайлау-қонысқа.

Кенг колемли жерлери,
Уқсасы жоқ жаҳанда,
Қалынг колхоз еллери,
Жайлы жанга маканда.

Қатар-қатар ап пақ уй,
Алды ҳауиз терекли,
Суйсенг жанга елди суй,
Елди сую керекли.

Халқ турмысы абадан,
Енгбек етип байыған,
Хожалығын жангадан,
Дузеп бахыт дарыған.

Колатта дуркин-дуркин мал,
Жайлауда журь туйелер,
Атауларда жпек жал,
Ҳасыл ат, ту биелер.

Шауып ойнар қулынлар,
Қундыз кби жылтылдап,
Журип отлар сиырлар,
Туяқлары сылтылдап.

Орислерде жайылар,
Қой, ешкилер шубырып,
Кеште елге қайырар,
Қой шопаны жуырып.

Аналарын коргенше,
Иискелеп табысып,
Тныш таппай емгенше,
Ылақ, қозы шабысып,—

Жургенинде мангырап,
Услап алар туеллеп,
Кетпесин деп жамырап,
Байлап қояр гуенлеп.

Кеште мсал қалалық,
Келдим аул ишине,
Аулда коп жангалық,
Нурлы колхоз кешине,—

Сеуп жақты саулесин,
Жанды Ильич шрағы.
Қорып колхоз фермасын,
Гузетши тур қрағы.

## АТЫЗДА

Гул жайнаған шрайы,
Хошурейли жазғы уақ,
Ыссы ҳауа райы,
Қыздырады кун шуақ.

Талма қуяш, тал тусте,
Тогип манглайдынг терин,
Бир гош жгит журь исте,
Кетпенлеп пахта жерин.

Будай ренг, ақ жузи,
Қуаныштан нурланып,
Ис палуаны ер ози,
Кетпен урган куш салып.

Духат шапан устинде,
Жуп жумыры ақ блек,
Полат кетпен дастинде,
Еткен иси бир болек.

Козге тусип турыпты,
Копшиликти айырып,
Белин беккем буыпты,
Еки пешин қайрып.

Ықлас етип ислеп ис,
Кенелдирип журген бул,
Зор денели алып куш,
Колхоз исин суйген ул.

Бул жгиттинг лақабын,
Дейди ерлер Палуанбек,
Иси жайды атағын,
Таныды халқ Палуан деп.

Палуан десе озининг,
Палуанлардай куши бар,
Кушли десе озининг,
Танг қалғандай иси бар,

Сулу сымбат, биик бой,
Қару-ғайрат, кушине,
Теренг ақыл, жуйрик ой,
Ылайықлы исине.

Исендирип сойлейди,
Уадесине офалы,
Кеулленип ислейди,
Еткен иси сапалы.

Сол ушын ҳамме уақыт,
Минетлери баҳалы,
Ислеп тапты зор бахыт,
Емес кеули қапалы.

Кеулин хошлап шад еткен,
Ҳасыл пахта егиси,
Пахта осип ер жеткен,
Бар-ма зарре кемиси.

Халққа қуат, берекет,
Минетининг жемиси,
Етти жақсы ҳарекет,
Ҳазь береди женгиси.

Женгисине, дангқына,
Ел қарар наше етип,
Уатанына, халқына,
Ис ислеп пеше етип.

Журген атыз ишинде,
Жгирмаға шамалас,
Ҳарким пайлы исинде,
Қыз-жгитлер аралас,

Коп ишинде бир қыз бар,
Қыпша бел, қасы қалем.
Палуан қызға интизар.
Аты ару Айсанем.

Айсанем-де ықласлы,
Палуанбекти суйеди,
Суйсе-де сумбил шашлы,
Сыр билдирмей журь еди.

Ашылысып сойлеспей,
Ишки сырды ким билмек,
Онгашада гезлеспей,
Журген еди Палуанбек.

Озин ерге тенггерип,
Аты шыққан испенен,
Барлық исти менггерип,
Жаслық жгер кушпенен.

Санем шелдинг басына,
Шықты ҳаммеден бурын,
Палуанбек қыз қасына,
Отырды-да ақырын.

Кулимлеген козбенен,
Ашықлығын англатып,
Сулу-сулу созбенен,
Кеулин бурып тынглатып.
—Суйдим, суйемен сени,
Деди афу етингиз.
—Егер суйсенгиз мени,
Деди-де қыз кутингиз.

Суйгенине созь берип,
Мынг бир турли наз етип,
Ашықлық гулин терип,
Жгит кеулин жаз етип.

Ушып-турып иркилмей,
Ислей берди жумысын,
Ҳеш бреуге билдирмей,
Жаслық сры-бунысын.

## БАҒ ИШИНДЕ

Кун енгкейип қиялап,
Коленгкелер узайып,
Кок жиектен сғалап,
Қарап шоқтай қзарып.

Кун-де батты, кеш болды,
Ерлер истеп қайттылар,
Шангғытып суру жолды,
Мал уйге жонь тарттылар.

Уйлерининг тусында,
Қой, ешкилер айрылып,
Қалыпатыр усында,
Сиырлар-да қайрылып.

Айсанем айдап келип,
Сиырларын қамады,
Кемпир гузе акелип,
Гурпилдетип сауады.

Гузе-гузе суть алып,
Сусыз етип псирип,
Еки қоллап куш салып,
Зордан-зорға тусирип.

Кемпир суттинг қаймағын,
Айсанемге береди,
Тапқан тауир тамағын,
Жесе жақсы кореди.

Сутке турап салды-да,
Ақ будайдынг патирин,
Санем ишип алды-да,
Келистирип атирин.

Қайта жазып, бурымын,
Басын жуып, шаш тарап,
Таллап орип, тулымын,
Айнасына бир қарап.

Қдырайын апа деп,
Киип ҳасыл липасын
Турса, болма қапа деп,
Кемпир жықпай ықласын.

Жуап берди Санемге,
Санем шықты уйинен,
Жақты тусип алемге,
Нур саулели жузинен.

Киятырып бир ози,
Ойлар ойы жолдағы,
Ядта „кутингиз" сози,
Дасте гулин қолдағы

Беру ушын ярына,
Тунь ишин тинтип кози,
Кирди колхоз бағына,
Айдай жарқырап жузи.

Туни-кундиз жанга турь,
Электр шам жулдыздай,
Сайран етип қызлар журь.
Қасы қара қундыздай.

Елпил қаққан шамалы,
Жанға жайлы жаз уақты,
Сулу қыздай жамалы,
Аспан ашық, ай жақты.

Кеулли жаз кешинде,
Куткенине гезлесип,
Қыз, жгит бағ ишинде,
Отыр еркин сойлесип.

Палуан екен бреуи,
Тани кеттим жазбастан,
Санемменен екеуи,
Анггимесин бузбастан.

Созин дауам етеди,
Жерде турып анадай,
Сози маған жетеди,
Еситкеним мнадай:

—Есингде-ме Санем жан,
Кулимсиреп козингиз,
Жилуа етип жузь алуан,
Кутинг деген созингиз.

Соннан бери озингди,
Журегимде яд етип,
Сол бир айтқан созингди,
Кеулимде мен хат етип.

Кейнин кутип мен журдим,
Ҳамь исенип созинге,
Айдай жузингди кордим,
Ушырасып озинге.

Бугин бағда онгаша,
Отырыппыз сойлесип,
Жаслық қандай тамаша,
Журсек кеул уйлесип.

Ойнап оскен Уатанда,
Ерлик етсек елге биз,
Куннен нурлы заманда,
Омир сурсек бирге биз.

Қалай болар қарындас,
Деп қарады жузине,
Кеуллениш қалем қас,
Жуап берди созине:

—Олай болмас демеспен,
Дурыс айтқан созингиз,
Мен де қарсы емеспен,
Блесиз ғой озингиз.

Даслеп корген уағымнан,
Сизге бердим кеулимди,
Терген жаслық бағымнан,
Қабыл етинг гулимди.

Деп қыз гулин қолдағы,
Суйгенине усынып,
Коп созлерин ойдағы,
Айта алмай қсынып.

Турса, қыз иба етип,
Қолын қсып гулменен,
Ахырын турған кутип,
Жгит ширин тилменен.

—Гулингди ҳамь озингди,
Жандай қабыл етейн,
Ядта тутып созингди,
Мен кеулинге жетейн.

Деп сулудынг козинен,
Козин алмай қарасып,
Суйип алды жузинен,
Жаслықлары жарасып.

Булт артынан коринип,
Баратырса ай жузип,
Сумбил шашы орилип,
Қыз қарайды коз сузип.

## ҚЫЗҒЫНЛЫ ИСТЕ

Тып-тныш бул тунь иши,
Колхоз бағы қалғып тур,
Бағда гулдинг ииси,
жылжып келип аңгқып тур.

Желпип ескен желменен,
Шайқалады жас гуллер,
Шешек атқан гулменен,
Ашылады кеуллер.

Тани балқып жас гулдей,
Уйқлар еркин халқ қзы,
Нур саулели ай кундей,
Туды тангнынг жулдызы.

Тангнан белги коринип,
Жулдызлар-да тарады,
Тунь пердеси турилип,
Танг атуға қарады.

Жаздынг қысқа тангынынг,
Қандай татлы уйқысы,
Миннет суйген жанынынг,
Келер ерте тургысы.

Аул гулге оранып,
Турған кеулин хош етип,
Қара шашы доланып,
Уйқлап жатқан ҳазь етип.

Айсанемнинг жузине,
Тангғы шамал урады,
Уйреншикли озине,
Уйқысынан турады.

Киинбеге еринип,
Кози қимай уйқысын,
Кеули иске берилип,
Ойлап атыз жумысын.

Отырғанда елеслеп,
Кетти пахта козине,
Еккен жери тегислен,
Ериксиз тартты озинe.

Ушып турды жайынан,
Киинди қыз жуынды,
Ишти тайын чайынан,
Белин беккем буынды.

Кундегидей кеулли,
Кеули болып нау баҳар,
Айсанем қыз женгисли,
Иске шықты танг саҳар.

Тангнынг ерке шамалы,
Желбиретип қыз шашын,
Колхоздынг нур жамалы,
Иске берип ықласын.

Шамалменен жарысып,
Жетип келди атызға,
Қызды қарсы алысып,
Пахталар тур атызда.

Жас пахталар иилип,
Берди қызға салемди,
Кун-де шықты керилип,
Жарқыратып алемди.

Сол уақлары ерлерди,
Баслап келди Палуанбек,
Кетпенлеп пахта жерлерди,
Ис қызғынлы исленбек.

Қуанышлы озлери,
Дослар жузи гул жайнап,
Кулимсиреп козлери,
Салемлести қол байлап.

Тунименен тынққан,
Тын куш иске кристи,
Минетпенен шныққан,
Қол кетпенге тиисти.

Ҳамме косып кушлерин,
Ғалаба ис баслады,
Қиын-қиын ислерин,
Женгиллетип таслады.

Айрықша коп ишинде,
Козге тусер Палуанбек,
Кетпен уру исинде,
Палуанға ким тенг келмек.

Қолда полат кетпенин,
Теренглетип урыпты,
Ердинг еткен хызметин,
Кун қутлықлап турыпты.

Котерилди кун қзып,
Септи алтын қуяшын,
Кун нурына қол созып,
Жайды пахта қулашын.

Кориниси кок тенгиз,
Қулпы донди атирап,
Ости пахта теп-тегис,
Коринеди жаудырап.

Гулдей болып жайнаған,
Пахта кани кенг дала,
Шетте турып қараған,
Коз жетпейди айнала.

Халқ ырысы жеримде,
Тахта-тахта егислик,
Улан пайтахт елимде,
Жаҳан янглы кенгислик.

Абад етти уатаным,
Халққа пахта, дань берип,
Кенг жайлауым маканым,
Тур жаҳанға сань берип.

Сулу елде-сулу жер,
Жарасығы жас кушлер.
Бир адамдай гуллан ер,
Уатан ушын ис ислер.

Усы уатан уллары,
Жас жгит, қыз бир топар,
Истен қайтпас қоллары,
Десе таяр —„тау қопар».

Атызларда кетпенде,
Натижели исин кор,
Елге хызмет еткенде,
Қудиретли кушин кор.

Жгитлер бар алысса,
Тауда болса жыққандай,
Қызлар бар ким жарысса,
Исте озып шыққандай.

Брақ ҳамме тенг емес,
Табылады ис жақбас,
Куши журттан кем емес,
Исле десе қош жақпас.

Натиже жоқ исинде,
Тер тогуди тлемес,
Журттынг қара изинде,
Киятырған Елемес.

—Қашан алға туседи,
Истинг патин кушейтип,
Деп журт мазақ етеди,
Елемести корсетип.

—Барлық кушин ағытып,
Ислейди деп илисип,
Ермек етти қағытып,
Қыз, жгитлер кулисип.

—Иске кеуил болмейди,
Куним отсе болар деп,
—Ислегиси келмейди,
План ози-ақ толар деп.

—Жас жгерин тастырмай,
Жаны шдап қайтип журь,
—Исти алға бастырмай,
Кейн қарап тартып журь.

—Ким жақсылап ислесе,
Ҳурметлеймиз ғалаба,
—Ким минетти суймесе,
Турма деймиз арада,

Десип жаслар ислерин,
Ислей берди ондирип,
Салды ғайрат-кушлерин,
Ис устине дондирип.

Ислегенде манглайдан,
Буршақ-буршақ тер шықты,
Ҳақ кеулли жаслардан,
Ис палуаны ер шықты.

Ердинг бри Елемес,
Ол берилген минетке,
Қатарынан кем емес,
Козге тусти минетте.

Ерлер елге ис етти,
Қолдан бермей намысты,
Ис устинде кушейтти,
Социалистлик жарысты.

Ҳамме кушин салды-да,
Онди жумыс, қызды ис,
Кун тикленип алды-да,
Болды айне шангқай тусь.

Тусте тартип кундеги,
Аукат уақты болады,
Барлық адам истеги,
Дем алуға тарады.

Тараса-да тум-тусқа,
Птырасып кетпеди,
Узап кетип жумысқа,
Узилиспе етпеди.

# ДЕМАЛЫСТА

Кок мақбалдай жап-жасыл,
Пахтанынг бир қапталы,
Бағлық еди алҳасыл,
Пискен ерик мазалы.

Кун куйдирип ксини,
Ыссы отип баратыр,
Питкерип озь исини,
Ерлер истен киятыр.

Бағдынг салқын саясы,
Қарсы алды ерлерди,
Хош иисли гиясы,
Желпигендей терлерди.

Кирсе адам шыққысыз,
Мнау бағдынг ишинен,
Ислесе ис тынғысыз,
Кешиккен жоқ исинен.

Еле кун тап шангқай тусь,
Жумыс уағы ертерек,
Тықсын ер, тынсын куш,
Демин алсын кобирек.

Радио сойлеп тур,
Кунде колхоз бағында,
Қызлар ойнап билеп журь,
Дем алыстынг уағында.

Қуат берип туған жер,
Куши тасып орледи,
Минет суйген Палуан ер,
Копке қарап сойледи:

—Айне толған кушине,
Нық буылған беллери,
Берилген халқ исине,
Колхоздынг марть ерлери.

Бирликте қол усласып,
Кушке-кушлер қостық биз,
Женгислерде дусласып,
Исте қайнап йоштық биз.

Минет—ҳурмет биз ушын,
Уатан берди парманды,
Енг сапалы ис ушын,
Гурес, жумса дарьманды.

Иске ғайрат, куш салсанг,
Ердинг қолын тидирип,
Алтын ғауҳарын алсанг,
Жердинг баурын идирип.

Бағындырсанг кушинге,
Оним берсе пахталар,
Кеули толып исинге,
Халқ суйсинип мақтанар.

Иси алға басады,
Ғайраты бар ксининг
Табыслары тасады,
Лаззети бар исининг.

Қолға алған исингнинг,
Корсет копке лаззетин,
Кемиси жоқ кушингнинг,
Бежер халқтынг хызметин.

Халқ перзенти марть аулад,
Жгерли ер жаслармыз,
Бизлерде бар куш-ғайрат,
Жеделли ис баслаймыз.

Тлек қустай талпын-да,
Корсет жаслық кушингди,
Халқымыздынг алдында,
Мақтаныш ет исингди.

Жгит болсанг ҳурмет ет,
Сила-да, суй халқынгды,
Жан аяма хызмет ет,
Халқ котерсин дангқынгды.

Минет болса қай жерде,
Сол жерде бар раҳат,
Бирлик болса қай жерде,
Сол жерде бар берекет.

Бирлиги нық уатанда,
Минет суйген азамат,
Остик нурлы заманда,
Кушимиз бар карамат.

Бул карамат кушлерди,
Халқ ушын сарп етемиз,
Ислеп уллы ислерди,
Женгислерге жетемиз.

Дегенинде копшилик:
—„Коптен қоян қутылмас,
Бизде аузбиршилик,
Ҳешуақытта бузылмас.

Ҳамме бир уй ишинде,
Бир анадан туғанбыз,
Женгис ердинг кушинде,
Белди беккем буганбыз.

Бизлер ермиз демеспиз,
Женгисли ис етпесек,
Уатан улы емеспиз,
Халқ кеулине жетпесек".

Деп орнынан турдылар,
Ҳамме қзу ислерге,
Тын қадемин урдылар,
Кушлер қосып кушлерге.

Дангқлы минет палуаны,
Аты малим алемге,
Уллы истинг жауланы,
Гоззал қасы қалемге:

—Санем—деди Палуан ер,—
Аз-маз сабыр етингиз,
Мумкин болса сиз егер,
Бери келип кетингиз.

Айтылажақ озинге,
Бир созим бар тынглап кор,
Қайыл болсанг созиме,
Коп куттирме жуап бер.

Ендирип жан дмарын,
Ушырасып турамыз,
Басып кеул қумарын,
Қашан турмыс қурамыз?

—Ол жақларын озинг бил,
Менде жан жоқ аярлық,
—Олай болса ширин тил,
Кор-де тойға таярлық.

—Жанга турмыс тойына,
Таярлансанг болады,
—Аму дарья бойына,
Тойлаушылар толады.

Еки жастынт хош уақты,
Уадени бир туйисип,
Гуа етип гул бағты,
Айнымасқа суйисип.

Ерлик иске бет алып,
Бирге журип кеттилер,
Ислепатқан куш салып,
Копке барып жеттилер.

## ТОЙДЫНГ ТАЯРЛЫҒЫ

Той—қуаныш қзық куи,
Таярлықта еки жақ,
Кеул ынтық куни-туны,
Дер тезирек қосылсақ.

* * *

Истинг сауа уағында,
Кенг даланы аралап,
Журсем колхоз бағында,
Аму бойын жағалап.

Ну қарағай қамыслы,
Жарда турсам коз таслап,
Ийрим тартқан ағыслы,
Дарья толқыр ҳалласлап.

Жутсанг ашар зейнингди,
Салқын таза ҳауасы,
Қандырады миримди,
Суы журек дауасы.

Ангқам кепкен шолимди,
Бастым суын иштим-де,
Шадлық кернеп кеулимди,
Кеттим жолға тустим-де.

Қатар колхоз, қалынг ел,
Қутлы қоныс жағасы,
Шайқалады соқса жел,
Мпуалы бағ ағашы.

Жолларыма шашылып,
Гуллер мени орайды,
Кундей зауқы ашылып,
Қыздай кулип қарайды.

Қуанышлы жолымда,
Гулдей жайнап кулемен,

Бир дасте гул қолымда,
Шағлап журип келемен.

Мне, усы журисте,
Гул турмысқа суйине,
Келип жеттим тал тусте,
Палуанбектинг уйине.

Өзи халқтынг искери,
Уйи бағдынг астыида,
Салем берип ишкери,
Кирдим есик аштым-да.

Ҳешнарсе жоқ кеулимде,
Крип келдим мен бирден,
Басқа жан жоқ уйинде,
Ғарры менен кемпирден.

Қолынгды бер ата деп,
Алдым силап қолынан,
Сорар кимсенг балам деп,
Услап турып қолымнан.

Ата мен ғой Ниязбан,
—Ҳа, балам сен-бе единг
Қайда кеттинг браздан,
Бери уйге келмединг.

Жоқары шық, хош келдинг
Деп торинен берди жай,
Қумартқаны кеулдинг,
Келди сутли қара чай,

Отыра бер Ниязжан,
Чай-пай ишип, нан пан жеп,
Коп кешикпей Палуанжан,
Ҳазир ози қалар кеп.

Деп тауыспай ол созин,
Крип келди Палуан ер,
—Кимди корип тур козим,
Деди маған қолды бер.

Достым жақсы келипсенг,
Бугин уйде қонып кет,
Қане, қайдан журипсенг,
Той ишинде болып кет.

Ертенг кеште Санемди,
Уйге алып келемен,
Танг қалдырып алемди,
Бир уллы той беремен.

Сонда хызмет етесенг,
Барлық исти басқарып,
Тойды сауып кетесенг,
Озь қолынгнан атқарып.

Қане, қарап турмастан,
Крисейк жумысқа,
Тамыр туған қалмастан,
Хабар жетсин тум-тусқа,

Таярлықта жоқ кемис,
Кем-кетиги жетилди,
Қалдырмастан теп-тегис,
Елге хабар етилди.

Еситкенлер урда тут,
Келди шадлық тойына,
Толып кетти келип журт,
Аму дарья бойына.

Уйлер жазғы жайлауда,
Қызлар шғар сайланып.
Арғымақлар байлауда,
Тур қазығын айланып.

Ықлас етип қумартып,
Бир жас жгит қарап тур,
Денесинде куш артып,
Ат кекилин тарап тур.

Кундегидей кеш болып,
Геугим тусип, кун батты,
Қонақ асын жеп болып,
Уйге тарап, ел жатты.

## ШАҚЫРУ ХАТ

Туннинг иши тым-трыс,
Жақынлады танг алды,
Жақтыланып кун шғыс,
Кун шғуға аз қалды.

Палуанбек ҳамь акеси,
Баслық, Нияз сойлесип,
Кенгес тойда ҳаммеси,
Отыр еди кенгесип.

Москвадан тынгла деп,
Радио сойледи,
Азаматлар англа деп,
Халққа қарап буй деди:

—Уулы заҳар жуттырып,
Гулли Уатан жерине,
Душпан тиди қутырып,
Тыныш совет елине.

Деген уақта кек қайнап,
Кетти дене туршигип,
Минди ерлер ат сайлап,
Жауга қарсы ошигип.

—Ермен, остим жасымнан,
Жгер питти бойыма,
Келди душпан тосыннан,
Малел жетти тойыма.

Бир хиял бар кеулимде,
Тойды ҳазир қояйын,
Таярланып озим-де,
Буйрық кутип турайын.

Шақырса халқ, Уатаным,
Арғымаққа мнейин,
Жарқылдасын қуралым,
Жауға шеттен тиеин.

Деп ашулы азамат,
Тартып ҳасыл затына,
Бағып қойған қаназат,
Қарап қойды атына.

Кеулин алып улынынг,
Алдарқатып, кемпир, шал,
Жгербентим, қулыным,
Деди созге қулақ сал:

—Балам қызды алып кел,
Қызған тойды суытпа,
Оннан кейн буып бел,
Бар, елге жау жуытпа.

—Деп турғанда бир кси,
Қамшы басып атына,
Келди. Қатты журиси,
Қарап шақыру хатына.

—Мнау хатты алудан,
Тез қалаға жетесиз,
Иркилмейсиз барудан,
Ел қорғауға кетесиз.

Деп Палуаннынг озине,
Берип шақыру хатын,
Қайтып кетти изине,
Тез-тез қамшылап атын.

—Мне мени туған ел,
Шақырыпты гуреске,
Уатан ушын будым бел,
Крисемен бул иске.

Жонабасып терликке,
Ерди шаққан салды-да,

Исенип марть ерликке,
Атқа мниц алды-да.

—Атам, анам халайық,
Хош бол журип кетемен,
Женгис ерге ылайық,
Жауды женгип келемен.

Деген уақта Палуан ер,
Жолынг болсын деди халқ,
Жауды етип қара жер,
Ерлерменен котер дангқ.

Ақ жол тлеп ерлерге,
Еллер қалды хошласып,
Журип кетти ерлер-де,
Бирликте қол усласып.

Жол жонекей шабысып,
Мартлер кеули тасады,
Табан жолға тарысып,
Атлар алып қашады.

Палуанбектинг тулпары,
Коп араны ашады,
Устинде халқ сунгқары,
Шу деп қамшы басады.

Себеби, ол ярына,
Ушырасып кетпекши,
Куткен аҳу-зарына,
Беккем уаде етпекши.

## ҚОШЛАСУ

Айне тусте исинен,
Келди Санем уйине,
Ойлар ярын ишинен,
Шадлық енип жузине.

Еске тусип ер иси,
Ерк бермеди озине,
Уаделескен бағ иши,
Елеследи козине...

Той—қуаныш қзық кун,
Сол той кунин кутуде,
Кеул ынтық куни-туны,
Ярды инкар етуде.

Ярдан болып дамели,
Еткен шдамлы тозим,
Ярға берген уадени,
Еске тусирип созин.

—Бугин кеште кун бата,
Узатылып кетемен,
Ертенг ерте танг ата,
Тойда хызмет етемен.

Сол бир саат тез жетип,
Келе ғойса Палуаным,
Қош кеулимди шад етип,
Қалмас еди арьманым.

—Деп уадели кешени,
Кеулленип кутти қыз,

Асыраған шешени,
Анық қайыл етти қыз.

Киип таза киимин,
Басын жуып-таранып,
Ериксиз тартқан кеулин,
Яр жолына қаранып.

Отыр еди қыз иште,
Озь-озинен шадланып,
Палуанбек ер тал тусте,
Келе берди атланып.

Улкен жапты жағалап,
Киятқанын корди-де,
Шишенг уйден сғалап,
Шашын тез-тез орди-де.

Шықты Санем далаға,
Кутип қарсы алмаға,
Ҳурмет етип Палуанға,
Қағып тосек салмаға.

Салем берди наз етип,
Ат жлауын услап қыз,
—Чай ишинг—деп—ҳазь етип,
Жгит кеулин қошлап қыз.

—Қане аттан тусь—деди,
Хешнарсе жоқ ойында,
Палуан аттан туспеди,
Ыза қайнап бойында.

Уатаныма хауп туып,
Атқа миндим ел ушын,
Баратырман бел буып,
Туып оскен жер ушын.

Колхозда сен испенен,
Шадлы откер уақтынгды,
Сауашта мен кушпенен,
Қорғайман яр бахтынгды.

Деди-де аттан тусти,
Қайта тартты айылды,
—Халқ тапсырса бир исти,
Ер ислеуге қайылды.

—Колхозымда елиме,
Ҳадал хызмет етемен,
Жауды тғып горине,
Келуингди кутемен.

Астынгдағы атпенен,
Қашқан жауды қуып жет,
Қаҳарли куш-патпенен,
Жау тухымын нықпырт ет.

Кетсенг хош бол, брақ, сен,
Мени умытып кетпе,
—Сени умытпайман мен,
Ондай бос хиял етпе.

—Деп сулуды сол манда,
Бир қушақлап суйди-де,

Журип кетти Палуан-да,
Атқа ырғып минди-де.

Санем айырмай козин,
Қарап турды изинен,
Баглар жасырып озин,
Тасалады козинен.

## АЛТЫН ГУЗ

Жаздынг қуып изинен,
Жетип келди алтын гуз,
Гуздинг сарғыш жузинен,
Коп нарсени кордик биз.

Ердинг еккен жеринен,
Жазыменен бежерген,
Халқтынг манглай теринен,
Суғарылып когерген.

Пискен жузим, шабталы,
Жиделери бармақтай,
Бой жуери, ақ салы,
Иилип тур қармақтай.

Колхозшылар гдирмей,
Орыпатыр шетинен,
Бир данесин тусирмей,
Жинаған жер бетинен.

Данли дақыл сол уақта,
Қырманларға тасылған,
Минет гули ақ пахта,
Шағырайып ашылған.

Aқ тау уйген жерине,
Жатырыпты жамбаслап,
Aқ алтыннынг канине,
Киятырман коз таслап.

Озып шыққан жарыста,
Халқ исенген озине,
Теримшилер алыста,
Елеследи козиме.

Солқымланған ақ пахта,
Йош ендирди кеулиме,
Келип жеттим бир уақта,
Дидилеген жериме.

Салем бердим келуден,
Хармангыз деп ерлерге,
Қарсы алды коруден,
Бар болынг деп ерлер-де.

Бир адам-да қалмастан,
Иске шыққан сап тутып,
Кушли қоллар талмастан,
Пахта терген тап тутып.

Пахта салып фартукке,
Он саусақлар ойнайды,
Қол жуыртып ҳарь тупке,
Хешким қарап турмайды.

Тез жинауға пахтаны,
Ҳамме бирден куш қосқан,
Тау-тау пахта қырманы,
Аспанменен таласқан.

Ен жайдырып жарысты,
Кенгнен гурес ашыпты,
Беккемлеп мол табысты,
Ерлер алға басыпты.

Алға басқан ислерде,
Ананынг-да иси бар,
Тасқынлаған кушлерде,
Атанынг-да куши бар.

Бирликпенен қосып куш,
Қыйынлықты женгеди,
Алға басып барлық ис,
Женгис қолға келеди.

Еки дунья шайқасып,
Халқтынг кеулин бурғанда,
Омир-олим айқасып,
Куш снасып турғанда.

Уатан ушын, халқ ушын,
Кушин, жанын ким аяр,
Қаҳарманлық дангқ ушын,
Баҳадырлар тап-таяр.

Сонынг бри Айсанем,
Ақ алтыннан тау уйген,
Корсин мартти бар алем,
Ерлик исин халқ суйген.

Минетпенен ер жеткен,
Тоты кустай таранып,
Ерликпенен ис еткен,
Уллы халққа жаранып.

•

Санем пахта терип журь,
Он саусағын ойнатып,
Рахатти корип журь,
Турмысын гул жайнатып.

Пахта терим иси-де,
Қза берди кун сайн,
Тасып жаслық куши-де,
Бола берди қыз пайын.

Кем-кем исти удеткен,
Айсанем ис палуаны,
Халққа исин корсеткен,
Орынлап ушь норманы.

Арқа суйер треги,
Халқ қоллап куш береди,
Ҳаллас урып журеги,
Пахтаны коп тереди.

Алдына жан салмастан,
Барҳа алда журеди,
Ҳарымастан, талмастан,
Ислеп—дауран суреди.

Халқтынг қзы, жгити,
Пахта терип уйеди,
Терген пахта шгити,
Жауға оқтай тиеди.

Санем ғайрат салып журь,
Колхоз алда болсын деп,

Ушь—торть норма алып журь,
Пахта план толсын деп.

Ис ислейди жаратып,
Халқым алғыс айтсын деп,
Фашистлерди қиратып,
Палуаным тез қайтсын деп.

Куннен-кунге кушпенен,
Қыздырады жарысты,
Танг қалғандай испенен,
Беккемлейди табысты.

Халқ суйгендей ис ету,
Ылайықлы ерликке,
Женгис исин тезлету,
Байланыслы бирликке.

Барлық адам қосса куш,
Ислесе қол тала-ма,
Бирликпенен етсе ис,
Питпеген ис қала-ма.

Жиын-терим ислери,
Питкерилди уақтында,
Бирликли халқ кушлери,
Қорғайды озь бахтын-да.

Оним берди жеримиз,
Орынладық планды,
Сауашта журь еримиз,
Қрып уулы жланды.

## *Салем хат*

Жаз-да отти, гуз отти,
Кун суытып, қыс жетти,
Тонгып дене шым етти,
Шымшып алғандай бетти.

Қарлы боран карамат,
Қасарысып турыпты.
Минет суйген азамат,
Псент етпес суықты.

Дарьяларда муз қатты,
Кенг даланы қар басты,
Қысқы узақ танг атты,
Кун кулимлеп нур шашты.

Ойға щумип отыр қыз,
Ойдан-ойды оятып,
Жел еседи тнымсыз,
Ақша қарды боратып.

Қалынг қардынг ургини,
Уйтқып ушып журь еди,
Айнасынан бир куни,
Санем қарап тур еди.

Қарға батып бир адам,
Тура журип келеди,
Почта екен ол адам,
Санемге хат береди.

Почтальоннан алынған,
Қарап турса хатына,

Кози тусти жазылған,
Палуанбектинг атына.

Ол суйгени Санемге,
Аманлығын айтыпты,
Сағынышлы салемге,
Қоса исин жазыпты:

Ана ғамхор балаға,
Халқтан туған батырмыз,
Уллы Уатан—анаға,
Қорған болып атырмыз.

Қаҳарманлық испенен,
Котерилди дангқымыз,
Қудиретли кушпенен,
Жауды урды халқымыз.

Қасарысқан душпанға,
Қарсы ҳужим басладық,
Жау қорғанын аспанға,
Ылақтырып таслалық.

Жауды қрып батысқа,
Баратырмыз қуып-та,
Адым жерде атыспа,
Сақылдаған суықта.

Ургин, урип, қар борап,
Котерилди ақ қуйын,
Қара думан тур орап,
Жолды кору дым қиын.

Сран суық ерлердинг,
Бетин жалап ҳуилдеп,
Шамалы сол жерлердинг,
Ысқырады гуилдеп.

Қарлы боран олимди,
Псент етпей коп батыр,
Қорғау ушын омирди,
Алға басып киятыр.

Жауға донди даулдай,
Баҳадыр марть ер журек,
Оққа қарсы жауындай,
Журди керип кокирек.

Душпанменен алысып,
Арқа суйеп халқына,
Жауға найза салысып,
Ерлер басты алдына.

Оқ жаудырды автомат,
Батырлардынг дастинде,
Гозлеп атқан гранат,
Ойнады жау устинде.

Басып кирген жаулардан,
Тазартылды жеримиз,
Отип дарья таулардан,
Ерлик етти еримиз.

Мен-де ердинг бреуи,
Қостым ерге кушимди,

Сталин халктынг треги,
Корсин ерлик исимди.

Деген мақсет ойымда,
Алға бастым уралап,
Қайнап жгер бойымда,
Қайтпай жауға турылап—,

Бардым. Жауды олтирдим.
Халқтынг ошин алдым мен,
Исти баржай келтирдим,
Жауға ойран салдым мен.

Қасымда рус, туркменлер,
Қазақ, қырғыз, озбек-те,
Азербайжан, армянлар,
Жаудынг басын езбекте.

Сен-де ярым елимде,
Халққа хызмет ете бер,
Жауды женгип озим-де,
Тез бараман куте бер.

Деп питкерипти созин,
Санем оқып болды шад,
Ынтық ярынынг озин,
Корсеткендей салем хат.

Қыздынг суйген Палуаны,
Жолыққандай озине,
Қанлы сауаш майданы,
Елеследи козине...

Қарлы боран олимди,
Псент етпей коп батыр,
Қорғау ушын омирди,
Алга басып киятыр.

Алдында журь Палуан ер,
Қамалды қақ айырып,
Баҳадыр марть жаунгер,
Жаудынг бетин қайырып.

Уллы косем трегим,
Туысқаным рус бар,
Жаудан қайтпас журегим,
Гуресимде женгис бар.

Тезлетемиз женгисти,
Тылда батыр халқым бар,
Қиратамыз фашистти,
Женгисим бар, дангқым бар.

Деген марттинг созлери,
Қуат берди озине,
Кулим қағып козлери,
Шадлық енди жузине.

Қудиретли халқ куши,
Тэнг қалдырды алемди,
Палуанбектинг женгиси,
Қуандырды Санемди.

Кеулли қыз отырып,
Қолға алды қалемди,

Ақ қағазды толтырып,
Жазды ярға салемди:

—Алыс жолдан жаздым хат,
Салемимди қабыл ет,
Женгисинге болдым шад,
Душпанынгды зрилдет.

Ошин алсанг халқынгнынг,
Қурал берген қолынга,
Мендей суйген ярынгнынг,
Жаны фда жолынга.

Тудынг Уатан—анадан,
Остинг жаудан сақла сен,
Сарьдар косем данадан,
Талим алдынг ақла сен.

Уатан ушын буған бел,
Ер сауаштан тая-ма,
Гелле кесип, ағыз сел,
Жауды жоқ қыл аяма.

Сендей батыр улына,
Уатан-ана қауендер,
Қурал алдым қолыма,
Мен-де тылда жаунгер.

Сизден умит етемен,
Халққа темир қорғаным,
Тез келер деп кутемен,
Женгиспенен Палуаным.

## ЕЛГЕ ҚАЙТТЫ ТУЫСҚАН

Аянбады Уатанда,
Улкен, кши жасымыз,
Жол корсетти майданда,
Дана аскер басымыз.

Батырларға дух берди,
Уақтын қошлап Сталин,
Женгимпаз марть халқ ерди,
Журди баслап Сталин.

Ар-намыслы халқ куши,
Донди жаудынг устине,
Фашистлердинг кобиси,
Тусти ердинг дастине.

Кекли халқтынг кушлери,
Дарья кби тасады,
Женгиспенен ислери,
Кем-кем алға басады.

Сталиншил Армия,
Қайтпай гурес ашады,
Жауды етип зым-зия,
Қанын судай шашады.

Гудер узип омирден,
Сум фашистлер сасады,
Қорққанынан олимнен,
Басын алып қашады.

Тым-трақай қашқан жау,
Сенгдей ығып баратыр,

Жау қашса-да кетпес сау,
Жаны шғып баратыр.

Брақ қатты гуресип,
Олерининг алдында,
Турып қалды тресип,
Жау бекинип алды-да.

Бир тобенинг басына,
Пулемётын орнатып,
Жан жолатпай қасына,
От шашып тур қиратып.

Қурту жолын ойлады,
Бекинискен душпанды,
Командири жумсады,
Орлов пенен Палуанды.

Буйрық алып кетти ер,
Услау ушын трилей,
Тобешикке жетти ер,
Жер баурлап блинбей.

Палуан, Орлов атып тур,
Оқты қардай боратып,
Бзинг кушлер тасып тур,
Жауды қрып, қиратып.

Алайық деп халқ ошин,
Ар-намысқа трысып,
Пайдаланып бар кушин,
Алға журди жлысып.

Жақын барып корди-де,
Ылақтырды гранат,
Пулемётке тиди-де,
Болды пыт-шыг, гул опат.

Советлик ҳақ испенен,
Халқты баслап партия,
Беккем бирлик кушпенен,
Алға басты армия.

Орлов пенен Палуан ер,
Жаудынг тобын айырып,
Еки бирдей жаунгер,
Қырқ фашистти қайырып.

Койдай айдап келдилер,
Батыр командирине,
Ерлик исин кордилер,
Ер унады кеулине.

Тағы журип кетти ер,
Тусип жаудынг изине,
Қасты етпек қара жер,
Жау коринсе козине.

Жерден, коктен соққы жеп,
Таппай басқа амалды,
Сум фашистлер қашты кеп,
Тез Берлинге қамалды.

Блай-блай қашырмай,
Алды-артын орады,

Жаудынг козин ашырмай,
Ерлер сауаш қурады.

Кокте ушып самолёт,
Бомба таслап турады,
Катюша ҳамь миномёт,
Гурсилдетип урады.

Кушимизге иди бас,
Душпан қорқып берилди.
Батыр халқпыз женгимпаз,
Женгип алдық Берлинди.

Барлық инсан коз салды,
Халқтынг ерлик исине,
Путкил жаҳан танг қалды,
СССР-дынг кушине.

Коп алғысын жер жузи,
Айтты рус халқына,
Рус халқы ер ози,
Ие ерлик дангқына.

Усындай марть халқпепен,
Жауды бирге қуысқан,
Женгиспенен, дангқпенен,
Елге қайытты туысқан.

### УШЫРАСУ

Кокте кун тур нур шашып,
Жанға жағымталлы жаз,
Журь женгиске жол ашып,
Исте Санем женгимпаз.

Қасында бар бес қзы,
Халқ хызмети еткени,
Ақ жузлери қырмызы,
Минет гули куткени.

Жердинг баурын идирген,
Жалынлаған жаслығы,
Халққа пайда тидирген
Звенонынг баслығы.

Жети гектар пахтасы,
Корсенг қулпы донеди,
Таза қатар арасы,
Коргинг келе береди.

Толы орден кокреги,
Киятыр марть Палуан ер,
Жастан суйген журеги,
Қандай ысық туған жер.

Ойнап оскен кенг дала,
Козге оттай басылып,
Қарай берди айнала,
Кетти зейни ашылып.

Ер киятыр уйине,
Колхоз жерин аралап,
Елге қарап суйине,
Улкен жапты жағалап.

Жаптынг еки жағасы,
Тахта-тахта пахталық,

Шайқалады шақасы,
Турғандай-ақ мақтанып.

Козин тартып турады,
Пахталардынг болығы,
Ериксиз кеулин бурады,
Кетпенши қыз қосығы:

—Минетимнинг гулисенг,
Жаудыраған жас пахта,
Кенг даланынг коркисенг,
Қулпы донип, гул жайна.

Теренг етип тубинге,
Кетпен урып кутейн,
Осу ушын озинге,
Коп тарбия етейн.

Бежерилип егилген,
Куш ал ҳасыл жеримнен,
Ықласпенен тогилген,
Су иш манглай теримнен.

Жеткерейн суынгды,
Сен осе бер шақалап,
Корип кадди бойынгды,
Мен журейн аралап.

Марть Палуаным келгенде,
Кеули толсын исиме,
Пахтам сени коргенде,
Ырза болсын озиме.

Деп кетпенин керилип,
Ура бергенде жерге,
Минетке шын берилип,
Ислепатырған бирге.

Қызлар: — „Ҳармангыз!“ — деген
Даусқа жалт караса,
Палуан екен, қос орден,
Тур бойына жараса.

„Бар бол“ — деди кориcти,
Палуан менен Айсанем,
Сағынғаннан суйисти,
Бахытлы жас ер гленг.

— Уатан ушын атланып,
Мен кеткенде буып бел,
Суйген ярым шадланып,
Дединг „жауды женгип кел!“.

Орынланды созингиз,
Қиратылды жауз жау,
Қалай ислер, сзингиз,
Журинсиз-бе аман сау?

— Колхозымда, жеримде,
Ислеп журмен уақтым қош,
Токкен манглай терим-де,
Оним берер кетпес бос.

Коркейтейк турмысты,
Ислерге онг келдинг дос,

Кушейтейк қурылысты,
Кушимизге кушлер қос.

— Оннан қайғы жеме яр,
Иске қумар келдим мен,
Бойымда куш-қару бар,
Халқ исине бердим мен.

Сағынышлы ярымсанг,
Бар-ма уаде ядынгда?
— Менинг-де сен жанымсанг,
Беккем уадем ядымда.

Асықпа сен кут мени,
Жумақлайын исимди,
Мен-де куттим-ғой сени,
Тылдан қосып кушимди.

— Жақсы уаде сол болсын,
Есингде тут созингди,
Пахта планынг толсын,
Мен кутемен озингди.

Деп қызбенен қошласып,
Журип кетти уйине,
Ярыменен дусласып,
Шадлық енип кеулине.

## ПАХТА УШЫН ГУРЕС

Уйге келди саламат,
Қуанышлы кеулли.
Минетпенен халқ абад,
Еткен иси онимли.

Палуан исте йошып журь,
Кушли қурал қолында,
Кушке кушин қосып журь,
Уллы женгис жолында.

Аямайды бар кушин,
Иске ғайрат салады,
Бежереди халқ исин,
Халқтан алғыс алады.

Гуллендирип жберди,
Ақ алтынлы даласын,
Ел ерим деп котерди,
Минет суйген баласын.

Айсанем-де алпешлеп,
Осиреди пахтасын,
Мақтаса халқ ҳурметлеп,
Минет ерин мақтасын.

Пахта ушын гурести,
Озып шықты жарыста,
Қосты таудай улести,
Колхоздағы табысқа.

Пахта псип ашылды,
Ап-пақ болып корин ди,
Терилди, тез тасылды,
Пунктлерге уйилди.

Куннен кунге тасады,
Қатар-қатар қырманлар,

Қолдан ақ тау жасады,
Ҳадал минет қылғанлар.

Палуан, Санем бас болған,
Теримшилер ондирди,
Ерлер бойға куш толған,
Кушти иске дондирди.

Тез-тез пахта терилди,
Қызды жумыс ғажжа-ғаж,
Халқ минетке берилди,
Ислер болды рауаж.

Палуан, Санем екеуи,
Жарыспаққа тереди,
Бреуинен бреуи,
Оза алмай келеди.

Ҳамме иске берилип
Ақ алтын тез жиылған,
Таза болып терилип,
Қанарларға тғылған.

Пахталарды адамлар,
Пунктлерге уйип тур,
Котерилип ақ таулар,
Кокте, кунге тиип тур.

Кенг ашылып қушағы,
Жер бауырын иип тур,
Коктинг отлы ошағы,
Таудынг тосин суйип тур.

## МАЖЛИС

Хабар етти бригад,
Мажлис бар деп клубта,
Жиналды журт кеули шад,
Колхоздағы клубқа.

Клубтынг иши безелген,
Тур лозунга, плакат,
Хожалығы дузелген,
Халқ турмысы рахат.

Еки қабат айнасы,
Ақланған жай, тахтапол,
Табылған коп пайдасы,
Колхоз жолы айдын жол.

Айдын жолда женгиске,
Қахарман халқ созды қол,
Минетпенен жемиске,
Қолы жетти табыс мол.

Колхозымыз „Пахта нур",
Баслығымыз Муратов,
Копке қарап сойлеп тур,
Халққа созин унатып:

— Жиналған журт баринг-де,
Тнышланып тынгланглар,
Ноябрьдинг бринде,
Толды барлық планлар.

Ис устинде гезлескен,
Қиынлықты женгди, халқ,

Уллы исте бирлескен,
Батырларға мангги дангқ!

Манглайларын терлетип,
Ерлер тынбай гуресги,
Исти алға орлетип,
Қолға алдық женгисти.

Онди ис, қызды жарыс,
Ерлердинг жоқ кемиси,
Қолда тур таудай табыс,
Бул минеттинг жемиси.

Уллы женгис жолында,
Аямаған кушлерин,
Дзими тур қолымда,
Коринг ердинг ислерин.

Минет ери Елемес,
Еринбестен ис еткен,
Табысы тау кем емес,
Дангқы халққа кеп жеткен.

Женгис жайнар исинде,
Минетлери баҳалы,
Жарқырайды тосинде,
Орден менен медалы.

Айне толған кушине,
Колхоз қзы Айсанем,
Онынг ерлик исине,
Танг қалады бар алем.

Ҳарь куни ушь жузь кило,
Пахта терди дондирип,
Гектарынан бес мынг кило,
Оним берди ондирип.

Исин алға бастырып,
Коп алдында жургени,
Куш береди тастырып,
Дана Ленин ордены.

Ақылға-да, кушке-де,
Бирдей батыр Палуан ер,
Озып шықты исте-де,
Кешеги марть жаунгер.

Ис қутылмас бул ерден,
Жас жгери қайнаған,
Кокрегинде қос орден,
Кун нурындай жайнаған.

Ҳадал ислеп токкен тер,
Халқтынг алған алғысын,
Минетпенен оскен ер,
Женгиспенен шалқысын.

Қолға кирген табысты,
Қолымыздан бермейк,
Қыздырайық жарысты,
Тағы алға орлейк.

Бизге бундай куш берген,
Миннетдармыз данаға,

Кеулимизге йош берген,
Уллы уатан—анаға.

Баслық созин тауысты,
Қутлықлап зор женгисти,
Халққа айтты алғысты,
Жабық деди мажлисти.

## ТУРМЫС ТОЙЫНДА

Жыл ахыры жақынлап,
Қалған кунди санасам,
Кеул қойып анықлап,
Кенг далаға қарасам.

Пахта, данди тез жылдам,
Тегис жинап алыпты,
Ағашлар-да сып-сидам,
Атыз босап қалыпты.

Гузде жерди майдалап,
Тракторлар сурип журь,
Сурген жерди аралап,
Агроном корип журь...

„Пахта нур"дынг ерлери,
Қазыпатыр „Боз жап"ты,
Мол онимли жерлери,
Суға қансын қаз жапты.

Суды шолге жеткерип,
Жер ашады жангадан,
Буннан бетер гулленип,
Ел болады абадан.

Турмыс кунде жангарып,
Жердинг иди бауры,
Коринеди агарын,
Палуанбектинг ауылы.

Аулдагы мектепте,
Оқып журген баланы,
Қзыгасанг кормекке,
Оскен жанга қаланы.

Қарай бердим коркине,
Коз тартады багы-да,
Палуанбектинг уйине,
Келип жеттим тагы-да.

Тусирипти келинди,
Басланыпты уллы той,
Қуандырган елимди,
Турмыс тойы қзық гой.

Жиналыпты коп адам,
Отырыпты кеулли,
Қуанышлы халқ мудам,
Абрайлы женгисли.

Жанга турмыс тойында,
Санем хызмет етип журь,
Куши тасып бойында,
Палуан халқты кутип журь.

Конақ жақсы кутилди,
Кеули птип барн-де,

Қайтайық деп отинди,
Жуап болды барине.

Той тарқады, журт кетти,
Уйлерине тарасып,
Жаслар кеулин шад етти,
Санли турмыс жарасып.

Ертенгине еки ер,
Бирге шықты исине,
Минетине конди жер,
Бас иди зор кушине.

*1947—1949-жыл.*

# МАЗМУНЫ

Бет


| | |
|---|---|
| Байнияз Қаппназаров | 3 |
| Биз жырлаймыз | 7 |
| Мангғи жаса Сталин | 8 |
| Мениңг республикам | 9 |
| Туысқанлық | 10 |
| Москвадан | 12 |
| Жақсы | 12 |
| Ғарип | 13 |
| Бриншн Май | 14 |
| Баспасозь | 14 |
| Минет Палуанларына | 15 |
| Ойнангыз | 16 |
| Совет ели | 17 |
| Жыр арнасы | 18 |
| Ата-анаға хурмет ету ҳаққында | 20 |
| Гуз қосықлары | 20 |
| Торть маусим | 24 |
| Атызда | 28 |
| СССР | 29 |
| Уатан—анам | 29 |
| Омир гули | 31 |
| Отряд | 32 |
| Окушы ниме | 34 |
| Бахытлы балалар | 36 |
| Горькийге | 37 |
| Минет ет | 38 |

Сахипжамал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Жанга жыл кешеси. . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Осе бер менинг гулбағым . . . . . . . . . . . 41
Ақ сутингди ақлайман! . . . . . . . . . . . . . 42
Отыз жылда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Туысқан жаслар . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Раушан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Уатаным . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Кетпенши қыз қосығы . . . . . . . . . . . . . 48
Уатан ушын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Аямастан урынг жауды . . . . . . . . . . . . . 50
Пушкин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Казак . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Ояну . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Досларыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Ай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Кундизги шам-шрақ . . . . . . . . . . . . . . 57
И. И. Пущинге . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Дон . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Булбил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Алтын ҳамь полат . . . . . . . . . . . . . . . 60
Полковниктинг олими . . . . . . . . . . . . . 61
Саша . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Палуанбек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 80

---

Редакторы Жолмурза Аймурзаев.
Техредакторы С. Бекназаров.
Корректоры С. Халназаров.

РК № 15558. ҚҚМБ. Заказ № 13/5.
Басуға рухсат етилди 5/IV-1950 ж.
Колеми 4,5 баспа табақ. Тиражы 2000.
Баҳасы 3 манат 15 тиин.

Нокис, ҚҚАССР Министрлер Совети
жанындағы Полиграфиздат басқар-
масының Полиграфкомбинаты.
1950 ж.

*На каракалпакском языке*

Б. КАИПНАЗАРОВ

# ЗОЛОТАЯ ОСЕНЬ
## (СБОРНИК СТИХОВ КНИГА III-я)

Каракалпакское Государственное Издательство
Нукус—1950